ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫПІЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№230 (21.388) ● 2008 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 29, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и зэхэлъыкІэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мэкъуаугъуэм и 29-м кыдигъэкІа Указ №78-УП-мкІэ кьыщтам зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ итКІ **унафэ щІ:**

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и зэхэлъыкІэу «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм пыухыкІауэ хэтхэм я Іуэхукі» 2006 гъэм мэкъуаугъуэм и 29-м Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым кыдигъэкІа Указ №78-УП-мкІэ кьыщтам мы кыкІэльыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэн:

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм хэгъэхъэн АфІэунэ Аслъан Мартын и къуэр, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкІэ и министрыр;

Фырэ Руслан Борис и къуэм и къулыкъур мы кыкІэльыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министр»;

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм кыихэгъэкІыжын Тут З.Н.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм щэкІуэгъуэм и 27-м
№124-УП

Шипов В. А. и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Шипов Владимир Анатолий и къуэр 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м щыщІэдзауэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм дыкъэзыухъурейхь дунейр хъумэнымрэ щІыуэпсыр кьэгъэсэбэпныimmкІэ и министрым и кьулыкъым тегъэкІын нэгъуэщІ лэжьапІэ зэрыкІуэм кьыхэжІыу.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм щэкІуэгъуэм и 27-м
№125-УП

Урысей Федерацэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукі «Урысей Федерацэм и Президентымрэ Къэрал Думэмрэ я полномочиехэм я пІалъэхэр зэхъуэкІыным теухуауэ» Урысей Федерацэм и Законым зэрыхэплъам хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Урысей Федерацэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукі «Урысей Федерацэм и Президентымрэ Къэрал Думэмрэ я полномочиехэм я пІалъэхэр зэхъуэкІыным теухуауэ» 2008 гъэм щэкІуэгъуэм и 26-м кьащта Урысей Федерацэм и Законым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Урысей Федерацэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукі «Урысей Федерацэм и Президентымрэ Къэрал Думэмрэ я полномочиехэм я пІалъэхэр зэхъуэкІыным теухуауэ» Урысей Федерацэм и Законыр дэІыгъын.

2. Мы Унафэр Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым и деж егъэхьын.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм щэкІуэгъуэм и 27-м
№21584-П-П

Урысей Федерацэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукі «Урысей Федерацэм и Правительствэм хуэгъэзауэ Къэрал Думэм иІэ къэпщытакІуэ полномочиехэм ятеухуауэ» Урысей Федерацэм и Законым зэрыхэплъам хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Урысей Федерацэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукі «Урысей Федерацэм и Правительствэм хуэгъэзауэ Къэрал Думэм иІэ къэпщытакІуэ полномочиехэм ятеухуауэ» 2008 гъэм щэкІуэгъуэм и 26-м кьащта Урысей Федерацэм и Законым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Урысей Федерацэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукі «Урысей Федерацэм и Правительствэм хуэгъэзауэ Къэрал Думэм иІэ къэпщытакІуэ полномочиехэм ятеухуауэ» Урысей Федерацэм и Законыр дэІыгъын.

2. Мы Унафэр Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым и деж егъэхьын.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм щэкІуэгъуэм и 27-м
№21585-П-П

● Дыгъуасэ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Республикэм и пщІэр зыІэт студентхэр

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Правительствэм и унэм щаІуащІащ КЪБР-м и Президентым и стипендиер зыхуагъэфэща еджакІуэхэм икІи а стипендиер зэрыхуагъэувамкІэ щыхьэт тхыльхэр иритыжащ.

ЗэІуущІэм кьрихьэлІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Федченко Людмилэ**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Ярин Андрей**, КЪБР-м и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэ **Къэжэр Альберт**, КЪБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, КъБКъУ-м, КъБКъМА-м, СКГИИ-м я проректорхэу **Шыбзыхъуэ Азэмэт, Зумакулов Асхъэт, Эфендиев Фуіэд** сымэ.

ЗэІуущІэм кьыщыізэІунхьим КЪБР-м и Президентым жиІащ щІалэгъуалэ акъылыдфІэр республикэм и кьулеигъэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

- Кьыдэкіуэтей щІэблэр зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ кьызэгъэпэща хьун папщІэ республикэм щолажь «2007 - 2011 гъэхэм экономикэмкІэ Іэщіагъэлэгъэхэр гъэхъэзырын» программэр; КЪБР-м и Парламентым ЩІалэгъуалэ палатэ кьыщызэІутащ; зи щІалэгъуэхэр кьэрал кьулыкъым кьыхэошьын хуэгъэпсауэ ЩІалэгъуалэ правительствэ дгъэпсыным иужь дитщ, - жиІащ Къанокъуэ Арсен. - КЪБР-м и Президентым и щэкІэ стипендие тыныр кьыщыхэтпхьарк, щІэныгъэ, гупсысэ зиІэ, лэжьыгъэм хуэжьджэр ныбжьыщІэхэр дгъэнэхуэныщ, ЩІалэгъуалэм и зэфІэкІыщ лъэпкъым и хьугъуэфІыгъуэр зыгъэбагъуэр, зезыгъужьыр. Сэ шэч кьытесхьэркъым щІэныгъэ, зэчий зыбгъадэть, хэкум хуэпэк щІалэгъуалэ куэду дыізэриІэм.

Адэкіэ Къанокъуэ Арсен щыхьэт тхыльхэр ириташ КъБР-м и Къэрал университетым и студент 7-м, Къэбэрдей-Балкъэр къэрал мэкъумэш академием щІэс ныбжьыщІи 4-м, ГъуаздджэхэмкІэ Къэбэрдей-Балкъэр къэрал институтым щеджэ щыхуи 4-м, УФ-м и еджапІэ нэхъыщІхьэхэм щІэс студент 5-м (абыхэм мазэ кьэс сом мин тІурытІ), апхуэдэуи щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтхэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ я аспиранти 10-м (дэтхэнэми сом 2500-рэ). Абыхэм Президентым фІыщІэ хуащІащ ту къаазэрыльитам папщІэ.

КЪБР-м и Президентыр зы сыхьэткІэ ядэуэрэшащ щІалэгъуалэм, жэуап ириташ аdeveloped щІэлэгъуалэм.

ЗэІуущІэм и Іэхъым фэепль сурэт зытрагъэхащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● КЪБР-м и Правительствэм

Заужьыныжкіэ хэкІыпІэхэр щыІэщ

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм я зэІуущІэ иригъэкІуэкІащ.

АБЫ кьрихьэлІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Ярин Андрей**, абы и кьуэдзэ **Тхьэзэпльыкъ Мурат**, министрэхэр, район, кьалэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

Ильэсыр и кІэм зэрынэбгьэлъагъэм кьыхэжІыу мы зэІуущІэм республикэм и районитІым я Іуэху зыІутым, лэжьыгъэр зэрыщекІуэкІым теухуа отчетхэм щедэІуащ. Дзэлькъуэ районым и социально-экономикэ щытыкІэмрэ зыужьыныгъэм и хэкІыпІэу кьальытэжьмрэ кьыхэщу кьэзэльащ а куэдым и тхьэмадэ **Шэт Мэчрэіл**. Абы и ужькІэ Іуащхьэмахуэ куейм и щыІэкІэ-псэукІэм теухуауэ кьэпсэльащ район администрацэм и унафэщі **Соттаев Кьурэян**.

Президентым жиІащ мэкъумэш хозяйствэмкІэ нэхъ хуэщІа Дзэлькъуэ районымрэ промышленнэ Іуэхум нэхъ зыщыубгъуа Іуащхьэмахуэ куеймрэ заужьныжкІэ хэкІыпІэхэр зэрадзэр. «Нобэкіэ яІэ екъуІэныгъэхэм я гугъу щІыІмэ, Дзэлькъуэ куейм пхыкІыу «Нарзаныпсхэм я ауэхэм» нэс кІуэ гъуэгур и кІэм нэсащ, Іуащхьэмахуэ льапэ кьыщежьэ кІапсэ гъуэгур «Прикуэ 11» хьэщІэщым нэс укъуэдиинырр мазае, гъатхэпэ мазэхэм зэфІэдгъэкІыну кьыщІэкІынщ. Бюджет мыльку нэхъыбэ щыІэмыкІэ хэкІыпІэхэр яІэщ районитІми, ауэ абы нэсын папщІэ, проектыр гъэщІэгъуэнхэр кьальыхьуэн, инвесторхэр кьыдахьэхын хуейщ», - жиІащ Президентым.

ЕтІуанэ Іуэхугъуэу зэІуущІэм кьыщІэтар я мылькукІэ, я лэжьыгъэ кьыхэзгъэпэщІащ. КІэжІэ районхэм я щытыкІэр зыхуэдэрщ.



● Зэпеуэхэр

«Урысейм и къалэ нэхъ зэпэщ дыдэ»

Апхуэдэ фІэщыгъэщІэ зиІэ зэпеуэ ильэс кьэс ди къэралым щокІуэкІ. Ар къызэрегъэпэщ Урысей Федерацэм ЩІыпІальэхэм я зыужьныгъэмкІэ и министерствэм, УФ-м и Правительствэм и Президиумым иджыблагъэ иригъэкІуэкІа и зэІуущІэм 2007 гъэм екІуэкІа апхуэдэ зэхъуэхъуэм кьриикІуэкІ кьыщапшытэжащ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, Къэбэрдей-Балкъэрым и къалэщхьэ Налшык зэпеуэм и ещанэ зэчыпІэр кьыхагъэфащащ. А зэчыпІэр абы ядигъэщащ Томскэ, Красноярск кьалэхэм.

КъБР-м промышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и кьуэдзэ **Бэлагы Борис** зэрыжиІэмкІэ, 2007 гъэм екІуэкІар епщІанэрей зэпеуэщ. Къэралым и щІыналъэ 49-м кьикІ тхьилъ 95-рэ яІэрыхьат зэпеуэм и кьэпщытакІуэхэм.

Зэхъэзэхуэр тІуэу зэщхьэщыхьауэ екІуэкІащ. Ягъэ щІыкІэ кьалэхэр щыізэпеуащ щыІащІыхьэм, субъектхэм. Абыхэм папщІэ щыхьэхэр урысейпсо зэпеуэм хьыкащ. Гульыдгъэгъэ ахъшэ саугъэтрэ ялысащ къэралым и нэхъ зэпэщ дыдэ кьалэхэу зи псэукІэр, тепльэр ефІакІуэхэм, щхьэантІагъэкІэ кьулейхэм, екІуэ зэлъпІуэхахэм, кьабзэхэм. Апхуэдэхэм хабжащ ди кьалащхьэр.

Ильэс кьэс текІуахэм ират саугъэт фондыр псори зэхэту ахъшэ сом мелуани 100 хьуэу щытащ. Мы гъэм кьыщыщІэдзауэ ар хуэдипІкІэ хэхъуэнурэ сом мелуан 400-м щыщІэу, Апхуэдэу УФ-м и Правительствэм и Президиумым и зэІуущІэм щІэуэ кьыщыхальхьа Іуэхугъуэхэм ящыщІ «Урысейм и кьуажэ нэхъ зэпэщ дыдэ» зэпеуэм зэхъуэкІуэ сомэ мелуан 12 хьу ахьшэ саугъэтрэ.

ХЬЭПЭ Мариие,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Зыхэплъэн яІэу

Къэбэрдей-Балкъэрым и Президентым деж Инвестицэхэмкіэ щыІэ советым зи чэзу зэІуущІэ зэхэтащ. Абы щыхэплъащ республикэм кьыщызэІуахыну ягъэхьэзыр Іуэхущ Іапіэу тхум я проектхэм. Ар иригъэкІуэкІащ республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен.

КЪЫЗЭІУАХЫНУ ягъэхьэзыр Іуэхущ Іапіитхум щыщу тІур хьыхэзыльхьар Дзэлькъуэ районращ. Абы и Іэтащхьэ Шэт Мэчрэіил кьыщыпсальэм кьыхигъэщащ мы гъэм и ящэ мазиф кьрикуфыбыдэу инвестицэу кьеим сом мелуан 90,7-рэ кьызэрыІэрыхьар. 2008 гъэр икІыху а бжыгъэр нэсынущ сом мелуани 142,7-м. Кьыхуауті Іпща мылькумкІэ кьызэІуахэ Іуэхущ Іапіэхэм ящыщщ тутынхэкІ кьыщІэзыІэкІ «Фобос» акционер обществэр. Абы текІуэдащ сом мелуан 70. КьыщынэмыщІауэ, «Контекст» Іуэхущ Іапіэм кьыщзэхуащ фэхэкІхэм зэрелэжь Іэмэпсымэу сом зы мелуанрэ мин 200-рэ и уасэ, трикотаж хьэпшып кьызэрыщІагъэкІыу сом мелуани 2,5-рэ и уасэ. Абыхэм я фІыгъэкІэ Дзэлькъуэ районым кьыщызэрагъэпэщащ лэжьыгъэ Іэнатіэу 55-рэ.

Шэтым зэрыжиІамкІэ, нэхъапэІуэкІэ Советым кьыщыхалъхьауэ щытащ хущхъуэхэкІрэ косметикэрэ Тамбовкъан гуэлым и ятІагъуэм кьыхэзэщІыкІыну Іуэхущ Іапіэм, Сэрмакъ цемент завод щыхуэным я проектхэр. А предприятиІмэ текІуэдэнущ сом мелуани 172-рэ. Дапэкіи Советым кьыщыхалъхьэну проектхэм ящыщІ гъущІ-бетон псэуальэпхъэкъэр кьыщІэгъэкІыным (сом мелуан 35-рэ текІуэдэнущ), Балъкъ псым ГЭС тещІыхьыныр (сом мелари 8-рэ мелуан 300-рэ и уасэу), нэгъэщІ Іуэхущ Іапіэ зыбжани кьызэгъэпэщыныр. А предприятэр гъащІэм хапщэну яхуэзэфІэкІмэ, районым кьыщыізэІуахынущ иджыри лэжьыгъэ Іэнатіэу 469-рэ.

Мы зэм Дзэлькъуэ районым Советым кьыщыІэта проектитІым я зыр хуэунэтІащ адыгэ къуэным (кориандр) дагъэ кьыщІэхыныр. А удзыр кьыщагъэсэбэп хущхъуэщащІ, косметикэ кьыщыщІатъэкІ Іэнатіэхэм икІи ди рес-публикэм дежкІэ нэхъыщхьэращи, дагъэ щыным кьыдэхуэр жмых хьэзырщ, - щэ кьашым процент 12 - 17-кІэ хигъахъуэу, лыуэ Іэщым ящІри прОцентипщІ хуэдизкІэ игъэхьэлъэу Іусыпхъэ хьарзынэщ.

Къуэным дагъэ кьыщІэхынымйолэжь «Атлас» Іуэхущ Іапіэр. Абы зэгурыІуэныгъэхэр ярищІыпІакІэщ щэхуакІуэ хуэхъунухэм - Германиемрэ Чехиемрэ щыІэ фирмэхэм етІанэгъэ и бадзэуэгъуэм ирихьэлІэу а дагъэм хуэдэу тонни 125-рэ ящхьэну хьэзырщ. Абы кьыхэкІыу «Атласым» и лэжьыгъэм зэгъэубгъункІэ Іэмал иІэжкъым. А предприятэм и унафэщІ Мыд Игорь зэрыжиІамкІэ, а Іуэхущ Іапіэр Шордакъщ здэщыІэнэр. Абы щаІэщ цеххэр кьыщызэІуахынну пэщхэри - совхозым и МТС-у щыта лъэщапІэхэр кьащэхужащ.

Дауи, дунейр зымыуцІэпІыну, апхуэдиз фейдэ кьызыпыкІыну, лэжьыгъэкІэ щІыху текІуэдащ кьэзэр ящІ сом мелуан 46-рэ кьызэзыгъэпэщу, тІэкІ кьэс налогыу сом мелуан 15 зытыфІыну Іуэхущ Іапіэр кьызэІухыным щэч кьыщІытепхъэн щІыкІэкъым. Ахъшэ хъумапІэхэм я унафэщІхэм «Атлас»-р зыкъэнІыкъуэ сом мелуани 9,9-р хуэуті Іупщынну хьэзырщ, абы и Іуэхугъэ зыхуэдэр зрагъэщІа нэужь.

Дзэлькъуэ районым къигъэльэгъуэ етІуанэ проектым гулъытэу хуащІар нэхъ мащІэщ, ар Іуэху нэхъ дзыхь щІыгъуэм щІэзыпэ кьызэрагъэтам кьыхэкІыу.

«Комтекс» Іуэхущ Іапіэм и мурадт а куейм дэрбзэр фабрикэшхуэ кьыщызэІуихыу, щІагъщІэлъ, спортивнэ трикотаж кьыщІигъэкІыну. Абы папщІэ ар хуэныкъуэщ инвестицэу сом мелуан 230-рэ. Проектыр кьэзыгъэльэгъуа Аброкъуэ Феликс зэрыжиІамкІэ, а ахъшэмкІэ кьащэхунут иужьрейуэ кьагупсыса дэрбзэр Іэмэпсымэ зэмыпІэужьыгъуэхэр. Аршхьэкіэ, банкирхэм ядакъым Іуэхум я мылъку халъхьэн. Абыхэм тегъэщІапІэу ящІар дэрбзэр Іуэхущ Іапіэ кьызэІухыным дапщэрэ ахъшэ халъхьаным, абы зыри кьызэрыхамыхьыжьфарщ. Итіани, республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен кьилъытащ кьагъэІлъагъуэ дэрбзэр фабрикэр кьызэІухыным хэкІыпІэфІ гъэрхэр иІэу.

- Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балкъэрым щыхьэщІащ Кьайсэр кьалэм и унафэщІхэмрэ хьэрычэтыщІхэмрэ. Абыхэм ди дежкІэ щыщІалъхьауащ трикотаж кьыщІагъэкІынымкІэ дызэрэлажьэ зэрыхуэну Іэнатіэр. Мы проектым хэкІыпІэфІ игъэтыфынущ ар Налшык пэгъунэгъуэ кьызэІутхэмэ, - жиІащ абы, кьагъэльэгъуэ Іуэхур ядиІыгъуэ.

Іуащхьэмахуэ районым а зэІуущІэм кьыщыхилъхьа проектищІэр зи гугъу тщІахэм нэхърэ куэдкІэ нэхъ лъэрыгъэхьэщ. Абы ящыщу тІур текІуэдащ Іуащхьэмахуэ районым и Іэтащхьэ Тырныауэ я кьыщыщІихыну и мурадщ кубометр зы мелуан. Абы папщІэ ар хуэныкъуэщ псори зэхэту сом мелуан 350-рэ. Іэмэпсымэ кьищэхун къудейм текІуэдэнущ сом мелуани 182-рэ. Апхуэдэ щыІкІэкІэ, лэжьыгъэ Іэнатіэу 210-рэ, дэтхэнэ лэжьакІуэми сом мин 14,5-рэ и улахуэу, кьызэІухыфынущ.

ЕтІуанэ предприятэр гранитрэ мывэкІэщхьрэщ зэлэжьынур.

А проектитІри зэтрелъэгъэ зы Іуэхум - Тырныауэ екІуалІэ гъущІ гъуэгу ди республикэм зэриІмэм. Мывэкіэщхьрэ, гранитри а къалэм кьрашу Шэджэм е Прохладнэ щыІэ гъущІ гъуэгу станцэм хьэлъэзешэ автомашинэкІэ ирагышэлІэн хуей хьунущ. Президентым кьиІультащ дакъикъитху кьэс зы хьэлъэзешэ автомашинэ Тырныауэ зыныкъуэмкІэ щыпсэу кьуажэхэм пхрыкІыным фІы льэпкъ хэмылъу.

Иужьрей проектыр екъэлІат Тырныауэ куейм цемент завод щыхуауэ вольфрам-молибден комбинату щытам и кІэрыхубжьэрыхур щызэхуэсса щыпІэм елъэжьыным. Проектыр кьэзыгъэльэгъуа «Астромирс» акционер обществэм и унафэщІ Ачабаев Александр зэрыжиІамкІэ, а Іуэхум евро мелуани 100 кьыхалъхьэну инджылыз хьэрыкъэтщІэхэр ахъшэ ящІ.

ЗэІуущІэм кьыщІадзащ а инджылыз Іуэхузехьэхэм уахэмызауэ унафэ гуэр проектым тепщІыхь мыхъуну. Ари, гранитэкІэ мывэкІэщхьэхэмрэ кьызэІущІадзэрэ республикэм и щыхуэхэм ятонтекІэ кредиту сом мелуан 95-м щІигъу ираташ.

«АБЫ ЩЫЩУ мелуан 88,6-р республикэм и банкэм ипотекэ кредиту ятащ, 6,6-р кьыбгъэдэкІащ ПсэупІэхэр ипотекэ кредиткІэ зыщІэ агентствэм. Нэгъабэ ельытауэ абы хуэди 2,5-кІэ хэхъуащ», - кьыхигъащащ департаментым и унафэщІм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Мы махуэхэм

ЩэкІуэгъуэм и 29, щэбэт

♦ **Палестинэм и щІыхуэбэ кьыщыдэщІ дунейпсо махуэщ.** ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1977 гъэм и дыгъэгъазэм кьыщІатуэ щыта резолюцэм ипкъ итКІэ ягъэльапІэ.

♦ ЩэкІуэгъуэм и 29-30-хэм Москва щекІуэкІыныщ КПРФ-м и лэжьыгъэр кьыщипщытэжу, и унафэщІхэр щыхьэзэщІ.

♦ ЩэкІуэгъуэм и 29-м щыщІэдзауэ дыгъэгъазэм и 7 хьуэу Гвадалахарэ (Мексикэ) щекІуэкІынущ XXII дунейпсо тхылъ жармыкІэ.

♦ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 18-м, кьухьэжьнуи сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 32-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 14-рэ.**

ЩэкІуэгъуэм и 30, тхьэмахуэ

♦ Барбадосыи и Лъэпкъ гуфІэгъэщ - 1966 гъэм ЩхьэхуитщІ щыхьуа махуэу кьащтащ.

♦ УФ-м и Президентым и унафэкІэ 1993 гъэм къэрал дамыгъэу щІэрыщІэу кьащтэжащ Урысей тхыдэм и кІыхьагъкІэ щиІа гербыр - щхьитІ зыфІэт бгъэр.

♦ Румынием Парламентым и лэжьыгъэр кьыщипщытэж, и унафэщІхэр щыхьэзэщІ.

♦ **Дыгъэр кьыщІэкІыну сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 19-м, кьухьэжьнуи сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 31-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 12-рэ.**

Дыгъэгъазэм и 1, блыщхьэ

♦ 1945 гъэм ЩыхубзхэмрэІ дунейпсо демократическэ федерацэр (МДФЖ-р) кьызэрагъэпэщащ.

♦ **Дыгъэр кьыщІэкІыну сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 20-м, кьухьэжьнуи сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 31-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 11-рэ.**

Псалъэр зыгъэхьэзырыр **ГЪУЩІО Зарифи.**

Делагъэм уритепщэ нэхърэ, акъылым урипщылІмэ нэхъыфІщ.

Махуэм ящІ

Щыщ Іуэгъуэм и 29, щэбэт

♦ Палестинэм и щІыхуэбэ кьыщыдэщІ дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1977 гъэм и дыгъэгъазэм кьыщІатуэ щыта резолюцэм ипкъ итКІэ ягъэльапІэ.

♦ ЩэкІуэгъуэм и 29-30-хэм Москва щекІуэкІыныщ КПРФ-м и лэжьыгъэр кьыщипщытэж, и унафэщІхэр щыхьэзэщІ.

♦ ЩэкІуэгъуэм и 29-м щыщІэдзауэ дыгъэгъазэм и 7 хьуэу Гвадалахарэ (Мексикэ) щекІуэкІынущ XXII дунейпсо тхылъ жармыкІэ.

♦ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 18-м, кьухьэжьнуи сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 32-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 14-рэ.**

ЩэкІуэгъуэм и 30, тхьэмахуэ

♦ Барбадосыи и Лъэпкъ гуфІэгъэщ - 1966 гъэм ЩхьэхуитщІ щыхьуа махуэу кьащтащ.

♦ УФ-м и Президентым и унафэкІэ 1993 гъэм къэрал дамыгъэу щІэрыщІэу кьащтэжащ Урысей тхыдэм и кІыхьагъкІэ щиІа гербыр - щхьитІ зыфІэт бгъэр.

♦ Румынием Парламентым и лэжьыгъэр кьыщипщытэж, и унафэщІхэр щыхьэзэщІ.

♦ **Дыгъэр кьыщІэкІыну сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 19-м, кьухьэжьнуи сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 31-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 12-рэ.**

Дыгъэгъазэм и 1, блыщхьэ

♦ 1945 гъэм ЩыхубзхэмрэІ дунейпсо демократическэ федерацэр (МДФЖ-р) кьызэрагъэпэщащ.

♦ **Дыгъэр кьыщІэкІыну сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 20-м, кьухьэжьнуи сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 31-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 11-рэ.**

Псалъэр зыгъэхьэзырыр **ГЪУЩІО Зарифи.**

Щыхуэ куэд хэкІуэдащ

Мумбаи щекІуэкІ іэхэуэхэр зэтеувыІауэ зэкІэ пльыт хьунукым, ауэ Индием и правительствэм кьигъэсэбэн кьаруэхэр я Іуэхум пользщ.

Псалъэм папщІэ, журтхэм щэнхабзэмкІэ я центрэ кьалэм щыІэр террористхэм кьыІэщІагъэкІыжащ. Абы жащ махуэм щІигъукІэ гъэру щаІыгъат «Аэрофлот»-м щылажьэ стюардессэу тІу. УФ-м и генеральнэ консульствэу Мумбаи щыІэм хьыбар кьызэрытмкІэ, ахэри, «Тридент Оберои» хьэщІэщым террористхэм щаубыда урысей стюардессэтІри щхьэхуит кьащІыжащ.

Псори зэхэту Мумбаи щаужьрей 130-м щІигъу, 500-м щІигъу уІэгъэ хьуащ. Кьалэм мамыр хьужрэ, иджыри зэ кьабжьымэ, а бжыгъэхэм куэдкІэ хэхъуэну хуагъэфащэ.

Махуэщ ІкІэ зыдгъэпсэхунущ

Урысейм щыпсэухэм 2009 гъэм и щІыпІым и зэп махуэщІым загъэпсэхунур, кьыкІэльыкІу махуэхэм дэжьнущ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Правительствэм игъэІэпэхуащ зы зыгъэпсэхугъуэ махуэ: щыпшыпэм и 11-р, тхьэмахуэр, лэжьэгъэ махуэ ищІри, щыпшыпэм и 9-р, мэремыр, зыгъэпсэхугъуэу игъэщащ.

Блыри хэкІуэдащ

Франджым пэмыжьыжьу Средиземнэ тенджызым, хуэхуащ уэгум кьехуэха «А-320» кьхъуэльыдэгър.

Абы щІыхуибл исащ. Ар «Аэр-Нью-зеланд» авиакомпаниеи ейт, Германиемрэ авиаІуэхущІапІэхэм ящыщ зым бэджанду иритырт. Кьхъуэльыдэгъм и лэжьэкІэр зыхуэдэр ягъэзэнэжыну уэгум ихьа щІыхиблри хэкІуэдащ.

(ИТАР-ТАСС).

ФIыр зи IэрыкIхэр

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щэкIуэгъуэм и 27-м КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен щаIущIащ хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр къыщIэзыгъэкI, Iуэхутхьэбзэ зыщIэ Iэнатlэу ди республикэм щынэхъыфIхэм я унафэщIхэм. А зэIущIэр кърикIуащ КъБР-м и Правительствэмрэ Стандартизацэмкlэ, метрологиемкIэ, сертификацэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр центрымрэ зэгъусэу ирагъэкIуэкIа зэпеуэмрэ «Урысейм и хьэпшып нэхъыфIу 100» зэхьэзэхуэмрэ къагъэлъэгъуа ехъулIэныгъэхэм.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Ярин Андрей**, абы и къуэдзэ **Тхьэзэплъыж Мурат**, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Iэтащхьэ **Къэжэр Альберт**, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщIхэр кърихьэлIэу екIуэкIа зэIущIэм къраrъэблэгъахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ икIи фIагъыр къэпщытэнымкIэ зэпеуэхэм щытекIуахэм гуапэу ехъуэхъуащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**.

Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ сыт хуэдэ хьэпшыпми Iуэхутхьэбзэми фIагъ лъагэ яIэныр хьэрхуэрэгъухэм япэщIэтынымкIэ, апхуэдэ щIыкIэкIи экономикэр къэIэтынымкIэ пщалъэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. А Iуэхум и хэкIыпIэхэм ящыщ зыуэ, хьэрычэтыщIэ мыиным зегъэужьынымкIэ республикэ программэм ипкъ иткIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм хыхьэу иджыблагъэ бизнес-инкубаторым промышленнэ, ерыскъыпхъэ продукцэмрэ цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ гъэлъэгъуапIэ пэшышхуэ къызэрыщызэIуахар Президентым жиIащ. Апхуэдэу Къанокъуэ Арсен къыхигъэщащ дунейпсо стандартхэм тету фIагъымкIэ менеджментым и IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынми гулъытэшхуэ зэрыхуащIыр, «Агро+», «Си къалащхьэ», «ГъэшхэкIхэр», «Гермес-Ника», «Къэббалъкърecурсхэр», «Налшык-Лада» IуэхущIапIэхэм ар щыпхыгъэкIыным зэрелэжьыр.

КъБР-м и Президентым фIагъымкIэ игъэува саугъэтыр зыIэрыгъэхьэнымкIэ республикэпсо зэпеуэмрэ «Урысейм и хьэпшып нэхъыфIу 100» зэхьэзэхуэмрэ мы гъэм я зэфIэкI къыщагъэлъэгъуащ республикэм и IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэу 35-м, хьэпшыпрэ Iуэхутхьэбзэ зэ хуэмыдэу мини 5-м нэблагъэ утыку кърахьащ. Абыхэм ящыщу 20-р КъБР-м и Президентым и саугъэтым я лауреат хъуащ. Апхуэдэщ «Станкозавод», «Телемеханика» ОАО-хэр, дэрбзэр хьэпшыпхэмрэ лъэпэд лIэужьыгъуэхэмрэ къыщIэзыгъэкI «Иртекс», «Эдна» ООО-хэр, ерыскъыпхъэ къыщIэгъэкIыным хуэлажьэ IэнатIэхэу «ЗЭТ», «Аква-Гранд», «Русь», «ГъэшхэкIхэр», «НалшыкщIакхъуэ», «Марс», «Велес-Агро» ООО-хэр. ЦIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ нэхъыфIу къалъытахэм ящыщщ узыншагъэмрэ дахагъэмкIэ «Афродита» центрыр (Шэджэм къалэ), «Детский мир» сатущIапIэр, «Ассоль» турагентствэр, «Къэббалъкъавтогазсервис» ООО-р, нэгъуэщIхэри.

«Урысейм и хьэпшып нэхъыфIу 100» зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу IуэхущIапIи 4: «ГъэшхэкIхэр», «Агро-инвест», «Долинск зыгъэпсэхупIэ» ООО-хэмрэ «Телемеханика» ОАО-мрэ, иджыри IуэхущIапIи 10 зэхьэзэхуэм и дипломантхэм яхэхуащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Лэгъупыкъу» сабий зыгъэхъужыпIэу **БжыкIший Сэрэждин** зи унафэщIыр, «Жако» IэфIыкIэ фабрикэр (унафэщIыр **ЖьэкIэмыхъу Аслъэнбийщ**), «Тэрчналмэс» ОАО-р (унафэщIыр **ЛIэужь Адэлбийщ**), нэгъуэщIхэри. Абыхэм къыщIагъэкI продукцэмрэ цIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэ лIэужьыгъуэ хэмрэ 23-рэ мэхъу.

Зэпеуэхэм щытекIуахэм дипломхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ иратыжащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ СтандартизацэмкIэ, метрологиемкIэ, сертификацэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и унафэщI Шурдым Юрэрэ, итIанэ фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ.

ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ щIызэхэуэсам епха Iуэхухэм. Къанокъуэ Арсен гупсэхуу едэIуащ хьэрычэтыщIэхэм жаIахэм икIи ахэр къыхуриджащ Iуэ ху гугъусыгъу щыIуукIэ, республикэ унафэщIхэм зыкъыхуагъэзэну. Псалъэм папщIэ, Къанокъуэ Арсен къыхигъэщащ кризисхэм пэщIэтынымкIэ, Iуэху къиинхэм хэплъэнымкIэ гуп щхьэхуэ тхьэмахуэ къэс зэрызэхахашэнур.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Пенсионерхэм гу зылъатапхъэ

УРЫСЕЙ Федерацэм и адрей щIыналъэхэми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми мы зэманым щокIуэкI псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэмкIэ зыхудачыхыу щытахэм дяпэкIэ ахъшэкIэ ядэIэпыкъуныр къызэгъэпэщыным теуху а лэжьыгъэхэр. Абы ипкъ иткIэ, къалэ округхэм, муниципальнэ районхэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ я щIыналъэ IуэхущIапIэ псоми зыхуэфащэ документхэр къыIах зауэм нықъуэдықъуэ хэхъуахэм, **зауэм хэтахэм, зауэ зэпэщIэтыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я ветеранхэм, сымаджагъэкIэ, нэгъуэщI щхьэусыгъуэкIэ нықъуэдықъуэ хъуахэм, сабий нықъуэдықъуэ зиIэ унагъуэхэм, Чернобыль АЭС-м къыщыхъуа гузэвэгъуэм и лъэужьхэр гъэкIуэдыжыным хэтахэм, лэжьыгъэм и ветеранхэм, политикэ щхьэусыгъуэкIэ лей зыкIэлъызэрахьауэ щытахэм, бын куэд зиIэ унагъуэхэм, псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр кIэрыгъэхуауэ ятыну хуитыныгъэ зиIэ адрей цIыхухэм.**

ПсэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэм щыщ Iыхьэ къэралым яхуипшыныну зыхуэфащэ цIыхухэм ятын хуейщ мы къыкIэлъыкIуэ документхэр:

дэIэпыкъуныгъэ кърратынымкIэ лъэIу тхылъыр (лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ щIыналъэ управленэм щатх);

цIыхур зищIысым, ар щыпсэу щIыпIэм, Урысей Федерацэм и цIыхуу зэрыщытым щыхьэт техъуэ документхэм траха копиехэр;

социальнэ дэIэпыкъуныгъэ кърратыпхъэу зэрыщытым теухуа документхэм (ягъэува жыпхъэм ит удостоверенэм, нықъуэдықъуэу къызэралъытамкIэ тхылъым, нэгъуэщIхэми) траха копиехэр;

фIэкIыпIэ зимыIэ пенсэ страхованэм цIыхум щиIэ лицевой счетым и страховой номерыр;

пенсэ фондым щиIэ счетыр зратхэ тхылъым и япэ напэкIуэцIым траха копиер;

лицевой счетым къыхатхыкIар е щыпсэу унэм и тхылъым и напэкIуэцIхэм траха копиер;

унэр зыщыщ лIэужьыгъуэмрэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэдэмрэ теухуа справкэр (щыпсэу унэм и тхылъым, псэупIэм и техническэ паспортым, псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр зэритамкIэ квитанцхэм, лъэIур къызыбгъэдэкIым ихьа адрей документхэм япкъ иткIэ лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ щIыналъэ управленэм щатх);

документхэр зыдэлъын жинт. ЦIыхухэм документхэр къеIыхыныр 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м нэсыху щIэгъэхуэбжьауэ екIуэкIыну къалъытэ. Ауэ документхэр щатын хуей пIалъэ пыухыкIа цIыхухэм хуагъэувыркъым. ИщхьэкIэ къыщыгъэлъэгъуа пIалъэм кърихубыдэу щхьэусыгъуэ гуэркIэ документхэр зымытыфахэми зыри яфIэкIуэдынукъым - 2009 гъэм кърихубыдэу Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министерствэм и IэнатIэхэм яIэрыхьа документхэм хэплъэжынурэ, псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэмкIэ зэрадэIэпыкъуну ахъшэр цIыхухэм 2009 гъэм щIышылэм и 1-м щыщIэдзауэ иратыжынущ.

Коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэмкIэ зэрадэIэпыкъу щIыкIэм теухуауэ къывгурымыIуэхэр **42-49-47, 42-32-96, 42-59-14** телефонхэмкIэ фыпсалъэу зэхэвгъэкI хъунущ.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.

● Гулъытэ

Сабийхэр ягъэгуфIэ

Новэ-Хьэмидей дэт школыр курыт еджапIэ къудейкъым, атIэ мыбы хэтщ куейм и къуажэхэм дэс унагъуэ хуэмыщIахэм я сабийхэр щаIыгъ интернати. Иджыблагъэ абыхэм я хьэщIащ уэрэджыIакIуэхэу Шал Хъусенрэ Наурыз Идаррэ. Абыхэм сабийхэм къыхуашащ хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр, IэфIыкIэхэр, концерти ятащ.

Е ДЖАПIЭМ и унафэщI Къуэжей Валерэ зэрыжиIамкIэ, уэрэджыIакIуэхэм сабийхэр ягъэгушхуащ, ягъэгуфIащ. Интернатым щыIэ сабийхэр къызыхэкIа унагъуэхэм яхузэфIэкIыркъым цIыкIухэм я нэгу зыщиужьыну щIыпIэхэм яшэну. Мыпхуэдэ гулъытэ сабийхэм яхуэзыщI куэди къахуеблагъэу пхужыIэнукъым: унагъуэ хуэмыщIахэм къахэкIа сабийхэр мы еджапIэм тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ щыIэу, щрагъаджэу ящIэххэу къыщIэкIынукъым.

УэрэджыIакIуэхэм еджапIэр къаплъыхьащ, сабийхэм я Iуэху зыIутыр зрагъэщIащ икIи ахэр къагъэгугъащ щIэх-щIэхыурэ къахуеблэгъэну.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

● ЩэкIуэгъуэм и 30-р Анэхэм я махуэу Урысейм щагъэлъапIэ

Iумахуэ

ЩыIэу къыщIэкIынкъым анэм нэхърэ нэхъ гуапэрэ нэхъ IэфIрэ. Аращ цIыхум нэхъ лъапIэ дыдэу иIэ нэм анэр хуагъадэу «Анэр нэм хуэдэщ» псалъэжьыр цIыхубэм къыщIигъэщIари. Анэхэм я махуэ лъапIэм ирихьэлIэу фэзгъэцIыхуну сыхуейщ МыщхъуэжТекIужь ХьэIишэт, Лэскэн куейм хыхьэ Арщыдан къуажэм щыпсэур.

ХЬЭIИШЭ ТБахъсэн к уейм хыхьэ Псыхъурей къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэ школыр ехъулIэныгъэфIхэр иIэу къиухри, медицинэ IэщIагъэм хуеджащ. Медсестрауэ еджа бзылъхугъэ цIыкIум лэжьэн щыщIидзар Налшык дэт дзэм щеIэзэ республикэ поликлиникэращ. ИужькIэ Арщыдан къуажэм дэт сымаджэщым лэжьыгъэм щыпищащ. А зэманым ирихьэлIэу ар ТекIужь ТIушэ нысэ хуэхъуат.

ХьэIишэтрэ и щхьэгъусэ Толэрэ унагъуэ быдэ яухуащ. Ахэр илъэс 30-м щIигъуауэ зэдопсэу. «Цlыхубзыр унагъуэм и шхэпсщ», - жаIэ игъащIэми. А псалъэжьым и мыхьэнэ куур щынэрылъагъущ ХьэIишэт и деж. Апхуэдэу абы и щыхьэтщ зэщхьэгъусэхэм щIэныгъэмкIэ зи гур еIэ, адыгэ хабзэрэ нэмысрэ зыхэлъ щIэблэ къазэрыщIэхъуари. ХьэIишэтрэ Толэрэ бынитху яIэщ: Майе, Залинэ, Марьянэ, Заретэ, Рустам сымэ. Адэ-анэм я бынхэр зыхуей хуэзэу къагъэхъун папщIэ къарурэ зэфIэкIыу яIэр ирахьэлIэ. ХьэIишэт и лэжьапIэм къыIукIыжри, я бынхэм школыр, иужькIэ еджапIэ нэхъыщхьэр къаухыху и нэIэ ятету кьэгъуэгурыкIуащ. Апхуэдиз зэманрэ гулъытэрэ зылъыса бынхэми адэ-анэм я гугъуехьыр зэрыхамыгъэкIуэдэным сыт щыгъуи иужь итщ.

Зэдэлъхузэшыпхъухэм тхуми Арщыдан школыр медалкIэ къаухащ, щIэныгъэ нэхъыщхьи зрагъэгъуэтащ.

ХьэIишэт и бынхэм гугъу ядехьами, и гугъуехьыр зэрыхэмыкIуэдам, иджыпсту дэтхэнэми и Iуэху зэрыдэкIым щогуфIыкIыж. Майерэ Залинэрэ унагъуэ ихьахэщ, Марьянэ, Заретэ, Рустам сымэ мэлажьэ. «Фи бынхэм я хъер фылъагъу», - жыхуаIэ фIыгъуэр къызэу элIахэм ящыщщ ХьэIишэтрэ Толэрэ.

Анэхэм я махуэ лъапIэмкIэ дохъуэхъу ХьэIишэт. Насып, узыншагъэ, бын гуфIэгъуэ щымыщIэу, гукъеуэ имыIэрэ дэрэжэгъуэ и куэду псэуну ди гуапэщ.

БЖЬЫХЬЭ Розэ.
Арщыдан къуажэ.

ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ и щхьэгъусэ Маритэрэ йохъуэхъу ЗАГС-м и унафэщI Шэрий Валентинэ.

Зэщхьэгъусэ цIэрыIуэхэр

Налшык къалэ дэт музыкэ еджапIэ №2-м зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ. Анэхэм я махуэм ирырагъэхьэлIа а пшыхьым щагъэлъэпIащ макъамэр зи Iэпэгъуу къэгъуэгурыкIуэ бзылъхугъэхэр, унагъуэ дахэхэр.

ПШЫХЬЫР егъэкIуэкIыныр зи жэрдэмыр Налшык къалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и пашэ Токъуий Мадинэщ. ЗэIущIэр къызэзыгъэпэщари езыгъэкIуэкIари мы музыкэ еджапIэм и унафэщI Османовэ Марьянэщ. Кърагъэблэгъахэм яхэтт макъамэр зи гъащIэ гъусэ унагъуэ цIэрыIуэхэу: ХьэIупэхэ, ЗэшэкIуийхэ, Нестеренкэхэ, Жырыкъхэ, Темыркъанхэ, Ащхъуэтхэ, Шпильбергхэ, Къэбэрдокъуэхэ, Жиляевхэ, Коробейниковхэ, Мокаевхэ, Къулхэ я унагъуэхэр.

Пшыхьыр гъэщIэгъуэну екIуэкIащ. ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ и щхьэгъусэ Маритэрэ зэрызэдэпсэурэ илъэс 30 зэрырикъум папщIэ Налшык къалэ ЗАГС-м и унафэщI Шэрий Валентинэ зэщхьэгъусэхэм ехъуэхъури, тыгъэ лъапIэхэри яхуищIащ.

Апхуэдэу музыкантхэр зэдэгуэшащ я гъащIэм щыщ пычыгъуэхэу гукъинэж ящыхъуахэмкIэ, насыпыфIэу зэрызэдэпсэум и щэхухэмкIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ бзылъхугъэм, анэм и щапхъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхагъэщащ. Пшыхьыр ягъэдахэу хьэщIэхэм уэрэдхэр жаIащ, пшынэ, пианинэ еуащ.

БЭДЖРЭТ Залинэ.

Сурэтыр **Къущхьэ Чэмал** *трихащ.*

КЪАГЪЫРМЭС Борис

Анэ

**«Дэгу утщIынущ.
Абы и пэ къихуэу,
Хэт и макъ
ухуейми
ЩIэдэIуж», -
КъызжаIамэ,
НэгъуэщI Iуэху
зезмыхуэу,
«Сянэ макъ, -
ЖысIэнт, -
Зэ къэвгъэIуж ».
«Нэф утщIынущ.
Абы и пэ къихуэу,
Узыхуейр
Иужьу уэ
лъагъуж», -
КъызжаIамэ,
НэгъуэщI Iуэху
зезмыхуэу,
«Сянэр, -
Сэ жысIэнт, -
Сывгъэлъагъуж».
«Уи бзэр
къыпIытхыным
И пэ къихуэу,
Псалъэ закъуэ
Хъунущ уэ
жыпIэж», -
КъызжаIамэ,
НэгъуэщI Iуэху
зезмыхуэу,
«Анэ» псалъэр
Сэ жысIэныр
пэжт!**

Си анэм деж

**Шхын Iэфlхэр Iэнэм къытеплъхьауэ,
Аргуэру дэ дызэбгъэдэсщ.
Гу махэ дыдэ укъэхъуауэ,
Уолъэщl кlэпхынымкlэ уи нэпс.
«КъэкIуэж нэхъ щIэхыурэ, си щIалэ, -
ЖыбоIэ, - плъагъукъэ, жьы сыхъуащ.
Жыжьэж си гугъэкъым ажалыр,
ПщIыхьэпIэу уи адэри слъэгъуащ...
Шхэт уэ, едзакъэт. Сыт, на, къэзбжыр?..
Ди джэдхэр, дауи, тIысыжащ,
Згъэбыдэжынщ ди джэдэщыбжэр», -
Уи псалъэр зэу щIэплъэфыжащ.
Ей, сянэ, сянэ! Уэ узахуэщ,
Солъагъу уи щхьэцу уэсу тхъуар.
Уимылъу сигу мыкIуа зы махуэ,
Узмыщl уи гугъэми хъымпIар.
Уи бын уи гъусэу мыпсэуныр
ЗищIысыр сэри зыхэсщIащ...
Збгынэнкъым, хьэуэ, сэ ди унэр,
Мис, ноби уэ сурихьэщIащ.
Уэ пщIэркъэ - гъащIэр жьапщэ инщи,
Дунейм цIыху цIыкIур щрекъухь,
ЖимыIэу: «Мор мобы и бынщи,
Зэбгъэдрес, жьы хъуар гуэныхьщ».
Аращ зэманыр, хьэщIэм хуэдэу,
ДыкъыфхуокIуэж, фыдощI пIейтей.
ДыщыIэм махуэ - ар тфIэкуэду
Дожьэж, докIуэж адрей «дыдейм».
Узыншэу, мамэ! Умыдзыхэ,
Нэхъ мащIэу пщIыхьэм егупсыс.
ТхьэмыщкIэр - быни зимыIэххэрщ.
Мы усэр уи къуэм уэ пхуеус.**

● ЗэIущIэхэр

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● ЩIэныгъэ

Зэрырагъаджэ щIыкIэр ефIэкIуэн папщIэ

Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм щэкIуэгъуэм и 25-м егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэм я семинар щекIуэкIащ.

АБЫ КЪРИХЬЭЛIАЩ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий, зэIущIэм и лэжьыгъэм хэтащ ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым, Е гъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэм я IэщIагъэлIхэр, егъэджэныгъэмкIэ район къудамэхэм я Iэтащхьэхэр, школ унафэщIхэр.

Семинарыр къызэIуихащ икIи пэублэ псалъэкIэ къызэхуэсахэм захуигъэзащ Щхьэгъэпсо Сэфарбий. Ар къытеувыIащ къэралым зэрыщрагъаджэ щIыкIэм къигъэув Iуэхугъуэхэр зыхуэдэм, щIэблэм щIэныгъэ зэрырат Iэмалхэр егъэфIэкIуэн зэрыхуейм, нэгъуэщIхэми.

Зэрырагъаджэм и фIагъыр къызэрапщытэм зэхъуэкIыныгъэ зэрыхэлъхьапхъэм, иджырей егъэджэныгъэ стандартыр зэрызэфIэгъэувапхъэм теухуа лекцэ къеджащ «Эврика» ИООП-м и къэхутакIуэ Горохов Сергей. IэщIагъэлIым жиIам едэIуа нэужь, къызэхуэсахэм я Iуэху еплъыкIэхэр къаIуэтащ, абыхэм я упщIэхэм жэуап къаритащ Гороховым.

Мы зэIущIэм къыщаIэта Iуэхугъуэхэм тепсэлъыхьащ «стIол хъурейм» ирагъэблэгъахэри.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Спорт хъыбархэр

Ахъмэт Мусэбий и фэеплъу

ЩэкIуэгъуэм и 22 - 23-хэм «Налшык» спорт комплексым щекIуэкIащ Социалист лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Ахъмэт Мусэбий и фэеплъу дзюдомкIэ цIыхухъухэм я Урысейпсо турнир

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ медалхэм щыщIэбэнащ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Шэшэным, Ингуш республикэм, Ставрополь крайм, Санкт-Петербург щыщ спортсмен лъэрызехьэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр яхъумащ «Гладиатор» спорт клубым и гъэсэн 65-м.

Дзюдоистхэр я хьэлъагъ елъытауэ гупийуэ гуэшауэ щытащ.

Шыбэна гупхэм текIуэныгъэхэр къыщахьащ Ковылев Юрий (кг 60, Адыгей), ФилипцэАстемыр (кг 66-рэ, Адыгей), Гъэтыж Ислъам (кг 73-рэ, КъБР), Къаскъул Аслъэн (кг 81-рэ, КъБР), Къетыкъуэ Азэмэт (кг 90, КъБР), Дзагоев Марат (кг 100, РС О-Алание), Бучукури Тимур (кг 100-м щIигъу, Адыгей), Молэ Алим (нэхъ хьэлъэ дыдэ, КъБР).

Япэ увыпIэхэр къэзыхьахэм спортым и мастерым и нормативыр ягъэзэщIащ.

Апажэ Замир и дыщэ медаль

Иджыблагъэ Мэхъэчкъалэ щекIуэкIащ бэнэкIэ хуитымкIэ ныбжьыщIэхэм я Урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы щыбэнащ Урысейм и щIыналъэ куэдым къикIа спортсмен 400.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и цIэкIэ зэхьэзэхуэм щыбэнащ спортсмен 15. Апхуэдэу килограмм 74-рэ хъухэм я гупым япэ увыпIэр къыщихьащ Къуэныкъуей Замир и гъэсэн Апажэ Замир. ЕтIуанэ хъуащ Тембот Анатолэ и гъэсэн Тау Ратмир (килограмми 120-рэ). Зэхьэзэхуэм и жэз медалхэр къахьащ Машэжь Расул (кг 55-рэ, тренерыр Мэршэнкъул Тимур), Дэдэхъу Мурат (кг 66-рэ, тренерыр Къуэныкъуей Замирщ), Шаваев Ислъам (кг 84-рэ, тренерыр Къуэныкъуей Iэдэмщ).

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Дыгъэгъазэм и 1-р СПИД-м ебэныным и дунейпсо махуэщ

Узыфэ шынагъуэм зыщыфхъумэ

СПИД. Дуней псор зытегузэвыхьхэм ящыщщ а узыфэр. Абы зэрызиубгъум дохутырхэр егъэпIейтей, къэралхэр, жылагъуэхэр, цIыхухэр СПИД-м зыщыхъумэным къыхураджэ. АрщхьэкIэ зэхэзыхыр, абыхэм я чэнджэщхэм щIэдэIур мащIэщ.

УЗЫНШАГЪЭР хъумэнымкIэ дунейпсо организацэм, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием къызэратымкIэ, афиянми хуэдэу, СПИД-м дунейм тригъэкъэбзыкIынкIэ хъунущ цIыху мин бжыгъэ хэр мыхъуу, къэрал псохэр. А узыфэр зыпкърытхэр зэман кIэщIым мелуанкIэ къабж зэрыхъуам уимыгъэгузавэу къанэркъым. Урысейм а бжыгъэр нобэ 444500-м щынэсащ.

Медицинэм и IэщIагъэлIхэм къызэралъытэм тепщIыхьмэ, 2020 гъэм ирихьэлIэу СПИД-м и вирусхэр къеуэлIэнкIэ хъунущ цIыхуу дунейм тетым я нэхъыбэм.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди лъахэми щыIэщ а узыфэ бзаджэр зылъэIэсахэри. Налшык къалэ сымаджэщым СПИД-мрэ уз зэрыцIалэхэм ебэнынымкIэ и центрым и дохутыр **Щомахуэ Iэминат** къызэрыджиIамкIэ, иджыпсту учетым щытщ цIыху 220-рэ. А у зыфэр зыпкърытхэр илъэс 20-40 ныбжьым итхэрщ.

- Я узыншагъэм тегузэвыхь, абы ирипIейт ейхэр, СПИД-м пыщIа гузэвэгъуэр къызыгурыIуэхэр нэхъыбэ хъуащ. Ауэ абы къикIыркъым ди деж къекIуалIэ псоми СПИД-м и вирусыр къалъэIэсауэ. Уз зэрыцIалэхэмкIэ къалэ сымаджэщым гъуэлъыпIэ 15 зыщIэхуэ пэшхэр абы хухахащи, хуей хъумэ, абы дащоIэзэ, дащыкIэлъоплъ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а узыфэр зыгъэхъужыф зэкIэ щыIэкъым. Ауэ къыхэгъэщыпхъэщ иужьрей зэманым къыщIагъэкI хущхъуэхэр нэхъ зэрефIэкIуар, сымаджэхэм я гъащIэм къызэрыпащэр. Ди Iуэхур дэкIынымкIэ сэбэпышхуэщ узыншагъэм тещIыхьа лъэпкъ проектыр, - жеIэ Щомахуэм.

Ди псэлъэгъум адэкIэ къызэрыхигъэщащи, мы гъэм къалъхуащ, зи адэм е анэм СПИД пкъырыт сабии 5. Псори зэхэту учетым щытщ 18. Абыхэм илъэсрэ ныкъуэкIэ якIэлъоплъ, я анализхэр къапщытэри, псори тэмэму къыщIэкIмэ, учетым ирахыж.

- Мыри къыхэзгъэщынут. Нэхъапэм СПИД-р нэхъыбэу зэуалIэхэр афиянафэхэмрэ фадафэхэмрэт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужь зэманым, а узыфэр нэхъыбэу зэрызыпкърыкIхэр къэхъыпхэрэщ икIи апхуэдэхэм къахэхъуэ зэпытщ. Учетым дэгъувахэм я нэхъыбэр сымаджэ щIэхъуар а узыфэр зыпкърытхэм зэрагъусарщ. ЩIасэ цIыхубзхэм ягъусахэм а уз зэрыцIалэр я щхьэгъусэхэм щыхуахьи къэхъуащ. Иужьрей илъэситхум учетым щытхэм яхэтщ зэрыцIэлэжа зэщхьэгъусэ 20. СПИД-м пэгъунэгъущ венерическэ узыфэхэр, гепатитыр. АтIэ сыт щIэн хуейр а узыфэхэм защыхъумэнымкIэ?

СПИД жыхуаIэжыр узыфэхэм уи Iэпкълъэпкъыр япэмылъэщыжу махэ щыхъу щытыкIэращ. СПИД зэуэлIам и блэгухэр, куэбзэпсхэр (нэхъ ин мэхъу, техьэгъуэм зэщIеубыдэ, и щIыфэм плъыжьыгъэ къытрекIут э, и жьэ кIуэцIхэр къо ху, гъур мэхъу. Апхуэдэ гуэр зыдэзыгъуэхэм икIэщIыпIэкIэ дохутырым зыхуагъэзэн хуейщ. Iэмал имыIэу щыткъым уи цIэ-унэцIэр хэIущIыIу умыщIыну. Абы хуэха пэш щхьэхуэ (анонимнэ) уз зэрыцIалэхэм щеIэзэ къалэ сымаджэщым иIэщ, телефоныр - **42-68-38-щ.**

Мыри жысIэну сыхуейщ. Хабзэ зыхэмылъ IуэхуфI щыIэкъым, ар сыту ирехъуи. Япэ къыппэщIэхуэ щIасэ уригъусэмэ, акъылыр зыгъэутхъуэ хущхъуэхэр, афиянхэр зэпхьэлIэмэ, а узыфэ бзаджэм уIэщIэмыкIыныр шынагъуэщ. Фызыхуэсакъыж, фи унагъуэм исхэми фахуэсакъ. Хущхъуэ зэфхьэлIэн хуей хъумэ, зэ фIэкIа къамыгъэсэбэп шприцхэмкIэ зыхевгъалъхьэ, къабзэлъабзэу фыщыт, нэгъуэщIым и жьакIэупс, Iэбжьанэ-лъэбжьанэ зэрагъэкъабзэ Iэмэпсымэхэр къэвмыгъэсэбэп.

Ауэ ар зыпкърыт фи ныбжьэгъум е Iыхьлым Iумпэм фщIыуэ, зыщывдзейуэ зыкъевмыгъащIэ. Вир усым цIыху зэхэгъэж ищIыркъым. А узыфэр зыпкърыт цIыхум и лъыр къыфлъэмыIэсмэ, ар шынагъуэкъым. Iэ зэрыубыдкIэ, хьэуамкIэ, унагъуэм щызепхьэ IэмэпсымэхэмкIэ СПИД-р къоуэлIэнукъым. Иджыри зэ къытезгъэзэжынщи, фызигъусэр зыхуэдэр зэвгъащIэ, IэфIейлъэфIейуэ фыщымыт.

Медицинэм и закъуэкIэ а узыфэм уплъэщыныщымкъым. Абы хуэзэщIа Iуэхум хуейщ къэрал, жылагъуэ у Iуэху щIапIэ псоми я къарур.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

• Ахъшэхэр

Шынагъуэ щыIэкъым

Кавказ Ищхъэрэм и Сбербанкым иригъэкIуэкIащ ЮФО-м хиубыдэ щIыналъэ псори зыхэта селектор зэIущIэ. Абы кърихьэлIат Къэбэрдей-Балъкъэр ахъшэ хъумапIэм и унафэщIхэри, республикэм къыщыдэкI газетхэм, радиом я лэжьакIуэхэри.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, Кавказ Ищхъэрэм и ахъшэ хъумапIэм и унафэщI Гаврилов Виктор къыхигъэщащ я IуэхущIапIэм и видеоканалхэмкIэ япэу ирагъэкIуэкI пресс-конференцу ар зэрыщытыр. Гавриловыр тепсэлъыхьащ иджырей дунейпсо финанс кризисыр сыт хуэдизкIэ Урысеймрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ я ахъшэ хъумапIэм къалъэIэсами.

- Урысейм и ахъшэ хъумапIэм нобэ дагъуэншэу и къалэнхэр игъэзащIэу мэлажьэ икIи рынок зэхущытыкIэхэм езэгъыу, тэмэму зеужь, - жиIащ абы.

Мы гъэм дыгъэгъазэм и 1-м щыщIэдзауэ Урысейм и ахъшэ хъумапIэм и IуэхущIапIэу щIыналъэхэм щыIэ псоми щIадзэнущ 2014 гъэ пщIондэ зэрызаужьынум хуэунэтIа лэжьыгъэм. Абы и фIыгъэкIэ процент 30-кIэ нэхъыбэ хъунущ илъэс къэс къахэхъуэ ахъшэр. Дауи, апхуэдэ щытыкIэм нэхъ лъэрызехьэ хохъукI Кавказ Ищхъэрэм и ахъшэхъумапIэри. Мы гъэм и иужьрей мазипщIым кърихубыдэу абы ахъшэу IэщIэлъым процент 45-кIэ хэхъуэри, бжыгъэр сом меларди 113-м нэсащ. Процент 41-кIэ нэхъ ин хъуащ кредитым къыпэкIуэри - ар иджы сом меларди 106-м щIегъу.

Зи ахъшэр банкым щызыхъумэ IуэхущIапIэхэм я бжыгъэм мы гъэм и жэпуэгъуэ-щэкIуэгъуэ мазэхэм хэхъуа щхьэкIэ, кризисым теухуа хъыбархэм къагъэгузэвац цIыху къызэрыгуэкIхэр. Куэдым хъумапIэм щаIыгъ я ахъшэр къыхахыжащ, абы къыщIэмыкIыжIауэ хъуным щышынэри. ХъумапIэм епIэщIэкIыу зи мылъку къыхэзыхыжахэм яхэтщ зыхуэмыныкъуащэ хьэпшыпхэр, хамэ къэралхэм я валютэхэр къэзыщэхуахэр. Уеблэмэ тхьэмахуэм кърихубыдэу зи ахъшэр тIэу-щэ хъумапIэм къыхихыж-хилъхьэжу Iутахэри щыIэщ, ауэ хъумапIэм а зэрыхьзэрийр зэтеувыIэжащ. Иджы, япэми хуэдэу, цIыхухэм депозит счетхэр къызэIуах, абы я улахуэхэр, пенсэхэр, нэгъуэщI хэхъуэхэр щахъумэ. Къапщтэмэ, щэкIуэгъуэм и 17-м ирихьэлIэу Кавказ Ищхъэрэм и ахъшэ хъумапIэм халъхьащ сом мелуан 422-рэ.

ПIалъэ кIыхькIэ (илъэсым щIигъукIэ) ахъшэ хъумапIэм IэщIалъхьа депозитхэр хахыжыну цIыхухэр епIэщIэкIыркъым. Ари и щыхьэтщ IэнатIэр кризисым пэщIэтыфыну цIыхухэм я фIэщ зэрыхъум.

- Шэч къытесхьэркъым ахъшэ хъумапIэм щаIыгъ сыт хуэдэ депозит лIэужьыгъуэри тэмэму хъума зэрыхъунум. ИкIи си псалъэр зыкIи тещIыхьакъым сом мин 700-м нэс депозитхэр хъумэнымкIэ къэралыр къызэрыддэIэпыкъум. И бжыгъэр зыхуэдизым емылъытауэ, дэ сыт хуэдиз ахъши тхуэхъумэнущ, - жиIащ Гаврилов Виктор.

Юридическэ IуэхущIапIэхэмрэ цIыхухэмрэ кредит етыным хуэунэтIа программэхэр зэраубзыхуам тету ягъэзащIэ. Псалъэм папщIэ, мы гъэм и фокIадэ - жэпуэгъуэ мазэхэм кърихубыдэу юридическэ IуэхущIапIэхэм яхуиутIыпща кредитыр сом мелард 12-м щIигъуащ. Апхуэдэ щIыхуэу мы гъэр икIыху хьэрычэтыщIэхэм, юридическэ IуэхущIапIэхэм иратынущ иджыри сом мелард 11,2-м нэс. Ар псом япэу зыхуэунэтIар мэкъумэш, ухуэныгъэ IэнатIэхэм зегъэужьыным теухуауэ Урысейм щагъэзащIэ Iуэхугъуэхэращ. Абыхэм хухахынущ сом меларди 8,7-рэ.

ХъумапIэм иджыри къэс ита кредитхэм хуэзэ ахъшащхьэм и бжыгъэм хагъэхъуэнукъым, ауэ дяпэкIэ ятынухэр къеIызыхым бжыгъэм щIигъужауэ хилъхьэжын хуейр процент 1,75-кIэ нэхъыбэ хъунущ. Статистикэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, цIыхухэр абыкIэ арэзыщ: иужьрей мазэрэ ныкъуэм кърихубыдэу ахъшэ хъумапIэм кредит къыщащтащ цIыху мин 13-м. Абыхэм зэхэту яIэрыхьар сом меларди 2,1-рэ мэхъу. А бжыгъэм щыщу сом мелуан 400-р ипотекэмкIэ унагъуэ 350-м къащта кредитщ.

ЮФО-м хыхьэ щIыналъэхэм я журналистхэр зыщIэупщIа псоми зэпкърыхауэ Гавриловым жэуап иритыжа нэужь, зэхуэсахэм упщIэ зыбжанэкIэ зыхуагъэзащ Урысейм и Сбербанкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий. Абы зэрыжиIамкIэ, жэпуэгъуэм республикэм и Сбербанкым IэщIэлъ ахъшэм проценти 3 нэхъыбэ хэщIакъым. ЩэкIуэгъуэм абы щыщу къыхэхъуэжащ зы процентым щIигъу. А бжыгъэхэр зыгуэркIэ къэлъытэн хуейуэ, шынагъуэу щыткъым.

ГЪУЩIО Зариф.

Дуней псор зэдаIуэ си къуажэгъу

ДЭТХЭНЭ лъэпкъми и Iущагъыр здынэсыр къэзыгъэлъагъуэ нэщэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ щIыхь зыхуэфащэ, зыхуэщIыпхъэ и цIыхушхуэхэр наIуэ къызэрищIыфыр, зэригъэлъэпIэфыр, зэриIэтыфыр.

Ди щхьэ бжыгъэ елъытауэ жыпIэмэ, Тхьэм и шыкуркIэ, адыгэр дащыщщ дигу ихауэ дгъэлъапIэ, дызэрыгушхуэ, «зимыIэм къелъыхъуэ» жыхуаIэм хуэдэ цIыхухэр уэру къызыщIэхъуэ лъэпкъхэм.

ПцIыупс дрихъуну си гугъэкъым, Темыркъан Юрэ илъэс куэд хъуауэ апхуэдэ ди хэкулIхэм, хэку цIыхухэм я пажэщ жытIэмэ. Абы ущытепсэлъыхьым деж, и къулыкъу лъагэхэр, къыфIаща цIэ лъапIэхэр кIыхьу къыумыбжэкIыныр Iэмал зимыIэу щыткъым, сыту жыпIэмэ, ди IуэрыIуатэм, ди тхыдэм къахэлыдыкI нэхъ цIыху цIэрыIуэ дыдэхэм ещхьу, абы и цIэ-унэцIэм лъэпкъпсо лъытэныгъэ зэригъуэтрэ куэд щIащ, акъыл балигъ хъуа ди лъэпкъэгъу, ди хэкуэгъу дэтхэнэми ещIэ Темыркъан Юрэ зищIысыр, дэркIэ абы и инагъыр, и лъагагъыр зыхуэдизыр.

Сэ си щхьэкIэ тIуащIэу срогушхуэ ар ди къуажэ, Зэрэгъыж, къызэрыщалъхуам, адэкIи анэкIи и къуэпсхэр абы къызэрыщежьэм. Куэд лъандэрэ си хъуэпсапIэу къокIуэкI дуней псор зэдаIуэ а си къуажэгъум хуэфэщэн псалъэ хужысIэныр, ауэ нобэр къыздэсым сытегушхуакъым, сыщIытемыгушхуам и щхьэусыгъуэм убзыщIыни хэлъкъым...

* * *

АЦIЫХУШХУЭМ и IэщIагъэм, а IэщIагъэр абы зэригъэтэрэзым, нэгъэсауэ мыхъуми, тIэкIу нэхъ ещхьу утепсэлъыхьыным щхьэкIэ, пшыналъэм тегъэпсыхьа Искусствэ лъагэм «и дунейм» укъыщыхъуауэ е, мыхъужыххэми, а «дунейм» куэдрэ утехьауэ, фIы дыдэу ущыгъуазэу ущытын хуейщ. Дэ, пцIыр сыткIэ щхьэпэ, апхуэдэ «дунеи» апхуэдэ гъащIи ди насып къихьакъым, ауэ щыхъукIэ, дызыщымыгъуазэ Iуэху дыхэб жьахъуэу дыхьэшхэн зытщIыжынкъым. Iуэхугъуэ нэхъ къызэрыгуэкIхэм къызэрыгуэкIыу датепсэлъыхьынщ. Псалъэм папщIэ, Юрэ теухуауэ зэхэс ха гуэрхэм, сыщыхуэза зэзэмызэм дэслъэгъуахэм, жиIауэ сигу къинэжахэм...

* * *

1959 гъэр нобэрей щIалэгъуалэм я дежкIэ ижь-ижьыж жыхуаIэм хуэдэу къыщIэкIынущ. НтIэ, мис а «ижь-ижьыж» гъэм ебгъуанэ классым сыщIэсащ сэ. ПсэукIэм теухуауэ жыпIэмэ, емынэми хъумпIэлейми къела цIыхур къыщыбэдзэуэжа илъэсхэм языхэзт ар. Дэ, лIо, ди делэгъуэ-къуейщIеигъуэ дыдэти, дунейр тIэу пкIэгъуэ яхурикъукъым, зыхужаIэхэм дащыщт.

Абы щыгъуэ ди классым хэсащ фIы дыдэу еджэу хъыджэбз цIыкIу гуэр - Бэхъунэхэ Людэ. (Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, еджэным зыдезымыгъэхьэ хыщэ къуейщIей гуп «дыкъуэпсэукIыу» щытащ а хъыджэбз цIыкIум: унэ лэжьыгъэр имыщIауэ ар зэи школым къакIуэртэкъым, зыщIегъэхыныр хьэл мыгъуэ зыхуэхъуа дэ абы ищIам «къытедупсыкIыжт»).

КIэщIу жыпIэмэ, куэд щIауэ Ленинград щеджэ Темыркъан Юрэрэ ди классэгъу Бэхъунэ Людэрэ а зэманым зэхуэтхэу щытащ, сыту жыпIэмэ зэIыхьлы гъунэгъу дыдэхэт. (Сыщымыуэмэ, Юрэ и адэ Хьэтурэ Людэ и анэ Темыркъан КIузэрэ зэкъуэш бынхэт).

Арати, зэгуэрым Юрэ и сурэт дахэ дэлъу письмо къыхуэкIуащ Людэ. СощIэж, классым къихьри, зэIэпытхыу куэдрэ деплъауэ щытащ дэркIэ таурыхъ лъахэм ещхь къалэшхуэм къикIа сурэтым. (Зызумысыжынщи, сэркIэ нобэр къыздэсым таурыхъ лъахэу къэнащ а къалэшхуэр, сыту жыпIэмэ, зэи сыдыхьакъым, апхуэдэ къысхуихуэжынри фIэщхъугъуейщ).

ГъэщIэгъуэныратэкъэ, сыт хуэдиз димыкъуейщIеягъэми, - дуфIеинкIэ, дупIышкIункIэ дышынэу арагъэнт, - дыхуэсакъыпэурэ зэIэпытхт сурэтыр. Дэтхэнэми къыгурыIуэу къыщIэкIынут дэ пщIыхьэпIэуи дымылъэгъуа дунейм, Искусствэм и дуней лъагэм, къикIа тыгъэу а сурэтыр зэрыщытыр.

Адыгэм тфIэфIкъэ зыгуэр тлъэгъуамэ, ар Iэмал имыIэу нэгъуэщIым едгъэщхьыныр, - мис абыкIи дызэтехуат псори: «Сыту Пушкин ещхьыIуэ!» Пэж дыдэу, Пушкин и щIалэгъуэу тращIыкIа сурэт гуэрым хуабжьу ещхьт ар...

Литературэ теухуауэ жыпIэмэ, А.С.Пушкин и поэзием хуигъадэ зэрыщымыIэм и гугъу ещI зэпыт Темыркъан Юрэ. Абы и зы щапхъэу къэпхь хъунущ усакIуэ щэджащэм и тхыгъэ пажэ «Евгений Онегин» къытрищIыкIыу П.И. Чайковскэм итха оперэ цIэрыIуэр Юрэ Iэзагъэ ин хэлъу Мариинскэ театрым щигъэуvауэ зэрыщытари... ФэкIэ зэдгъэщхьауэ щыта цIыхушхуитIыр гурэ псэкIи зэщхьу къыщIэкIащ, жытIэкIэ, егъэлея хъуну ди гугъэкъым...

* * *

ИГЪАЩIЭМ узыдэмыхьа къалэ жыжьэм щыпсэу, куэд щIауэ зи хъыбар дахэ зэхэпх, плъагъуну уи нэ къызыхуикI уи къуажэгъу цIэрыIуэм япэ дыдэу ущыхуэзэнкIэ уи къуажэжь нэхъыфI сыт щыIэ. Абы нэхъри нэхъ ин ещI апхуэдэ зэIущIэм и мыхьэнэр. Фыщалъхуа щIыпIэм и теплъэр къызэрыщIэувэм куэд хегъахъуэ. НтIэ, мис апхуэдэр си насып къихьауэ щытащ сэ 1971 гъэм.

Тбилиси къалэм сыщеджэрт сэ абы щыгъуэ, аспирантурэм. Каникул сыкъэкIуэжауэ сыдэст.

Алыхьым иригъэхутылIэри, «Ленфильмым» щыщ гуп Зэрэгъыж нэкIуауэ щытащ а махуэхэм, Темыркъан Юрэ ди деж кино щытрахын мурад яIэу. Юрэ цIэрыIуэ дыдэ хъууэ щыщIидза зэманырати, и цIэр къэралыгъуэшхуэм щаIэтт, ди республикэр иригушхуэрт, жыпIэнуракъэ, адыгэ псоми нобэ ди напщIэ телъ цIыхум и вагъуэр абы щыгъуэ «къэуунэхуу» щIидзауэ арат.

Кино зытрахынур ямыгъусэу хъурэт-тIэ, - Юри я гъусэт. И фIыгъуэ дыдэу. И щIалэгъуэ дахэу. Жэрдэмыимрэ дэрэжэгъуэмрэ я нурыр и нэгум кърихыу.

Темыркъаным теухуауэ нэхъ нужьыIуэкIэ траха телефилымхэм хагъэзыбауэ нобэ куэдрэ къагъэлъагъуэ а махуэхэм траха фильмым щыщ Iыхьэ гуэрхэр, ди щыпIэ дахэр, ди къуажэгъу гуэрхэр къыщыщIыхуж фрагментхэр.

Гъэсэныгъэм нэхъырэ, мыгъэсагъэм нэхъ хуэпхь хъуну къыщыщIэкIынущ мы зи гугъу сщIынур, ауэ, сыт тщIэн, Алыхьым къыдитауэ тхэлъщ а хьэлыр: си мынэIуасэ цIыхум уэрэ «есхуплъэ» зыкъысхуегъэщIыхукъым, апхуэдэ нэIурытагъ схэлъкъым. Абы щыгъуи

араш: сыбгъэдыхьэу Юрэ зэзгъэцIыхуфакъым, зэрыжысIауэ, абы си нэр къыхуикI пэтми. АтIэми ди къуажэгъухэм сахэсрэ хуабжьу сфIэхьэлэмэту, сеплъауэ щытащ ди къуажэ клубым Юрэрэ и гъусэхэмрэ зэрыщагъэлъэпIам.

Нэхъ гукъинэж сщыхъуахэм ящыщщ Юрэ ирагъэ хъуэхъун мурадкIэ сценэм кърашауэ щыта ди гъунэгъу лIыжь хъарзынэ Бадзэ ЛотIэ (Къербэч). Дунейм зэрехыжрэ куэд щIащ, жэнэткIэ Тхьэм игъэгуфIэ, - пащIэху хъужауэ адыгэ лIыжь щыпкъэм и щапхъэ дыдэт ЛотIэ сытым дежи, къуажэм пщIэшхуэ щиIэт, фIыуэ къалъагъут. Цей дахэ щыгърэ и къамэр еупцIэхыжауэ, кIуэаракъэ, IуэрыIуатэм къыхэкIауэ фIэкIа пщIэнтэкъым ЛотIэ а пщыхьэщхьэм. ЗэгъэкIуауэ, лей лъэпкъ хэмыту ар адыгэбзэ дахэкIэ ехъуэхъуащ Юрэрэ и гъусэхэмрэ. Ехъуэ хъури, фалъэр Юрэ IэщIигъэуващ. Юри къэуIэбжьакъым: псалъэ зытIу жиIэщ, махъсымэм хэфри, хабзэм тетрэ «нокIуэ!» жыхуиIэу, и гъусэхэм яхуишиящ, егъэкIуэкIын зэрыхуейр къагуригъаIуэу. (Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, абы щыгъуэ махъсымэр махъсымэ дыдэт, цIыхубз хуэмыху гуэрхэм къагупсысу «махъсымэ» псалъэ дахэр зыфIаща нобэрей псы фIэIу утхъуар къежьа щIыкIэтэкъым).

Махъсымэ фалъэр зэIэпаха нэужь, бгъукIэ къыщыт щIалэм иIыгъ щIакIуэ зэкIуэцIылъыр (Дагъыстэным щрагъэщIат) ЛотIэ къещтэ, зэкIуэцIехри, Юрэм треубгъуэ. ЩIакIуэкIэ зэфIэбгъэкI хъурэт - адыгэ пыIэ дахи щхьэретIагъэ... Адыгэ нэпкъпэпкъ нэгъэсакIэ Тхьэр зыхуэупса щIалэ къуданыр апхуэдэу пхуапэмэ, зэбгъэщхьын бгъуэтынтэкъэ, - сэ си щхьэкIэ абрэдж цIэрыIуэ гуэру къызыщызгъэхъуащ. «Абрэдж цIэрыIуэр» гуфIэжу сценэм итт. Залым щIэсхэм дымыувыIэжыфу Iэгур щIэткъутыкIт... Мис апхуэдэу къагъэлъэпIауэ щытащ Юрэ ди къуажэгъухэм.

* * *

ТЕМЫРКЪАН Юрэрэ сэрэ япэу дыщызэрыцIыхуар, дыщызэбгъэдэсар, сыщымыуэмэ, 1980 - 1981 гъэхэм языхэзщ. Тхьэр арэзы къыхухъу - ар зи фIыщIэр зэрысцIыху лъандэрэ гуапэу къыс хущыт Тау Пщыкъанщ...

Махуэ гуэрым Пщыкъан къопсалъэ: «Борис, Темыркъан Юрэрэ уэрэ фызэрызгъэцIыхуну хуабжьу сызэрыхуейр, ауэ къызэмыхъулIэурэ зэрекIуэкIыр уощIэ... НтIэ, мис, иджы ар нобэ къыдэхъулIэн хуейуэ щытщи, зыгъэхьэзыр. КIэщIу жыпIэмэ, Юрэрэ сэрэ иджыпсту машинэкIэ дыныIухьэнущ институтым дежи, занщIэу къыщIэс, зэщIыгъуу зыщIыпIэ дыкIуэн хуейщ».

Абы щыгъуэ къуэтыкIуэ институтым сыщылажьэрт сэ. Ти-н-н, кабинетым щIэт тхылъ шкафымкIэ сыплъэурэ сегупсысащ: «Ярэби, мы Юрэ тыгъэ хуэсщIыфамэ сыту фIыт. Дауи щрет, япэ дыдэу дызэIыщIу араш».

Абы щыгъуэ тхылъыр тыгъэ лъапIэу ябжу щытащ, нобэ мыхьэнэ ирамыгъэт щхьэкIэ.

Сытми, сигупсысурэ, сигу къэкIыжащ Юрэ тыгъэ хуэсщIын «тхылъыр». Ар Къэбэрдейм и тхыдэм теухуауэ Къудащ Елбэздыкъуэ (Владимир) XX лIэщIыгъуэм и пэхэм итха тхылъыр арат. Езы тхылъ дыдэрауэ щытами хьарзынэтэкъэ, арщхьэкIэ дэнэ а зэманым апхуэдэ тхылъ къыздипхынур, - абы къытрах копиеу арат.

Тхьэм и шыкуркIэ, ди лъэпкъым и къекIуэкIыкIам, и щхьэ кърикIуам теухуа апхуэдэ тхылъхэр иджыпсту гъунэжу тыкуэнхэм щыщэ, уасэ хьарзынэу. Абы щыгъуэ мы зи гугъу сщIа щIалэ зыбжанэ дытегушхуащ, уасэ хьарзынэ щIэттри, а Iуэхум хуэIэпIэ хьэлъу ахъшэ зымыжагъуэ гуэрым («ротопринт» жыхуаIэр ди дежи къэсагъэххэт) гъэпщкIупауэ тхуищIа копиехэу арат. Сэ къыслъысу зыбгъупщI езгъэщIати, Къэбэрдейм и мызакъуэу, Адыгейми Шэрджэсми щыщ си ныбжьэгъу «нэхъри нэхъ» жыхуаIэ разрядым иту къэслъытэхэм яхуезгъэхьакIэт, Михаил Лохвицкэми зы экземпляр естагъэххэт.

Сытми, сигу нэхъ зэгъэжарэ а «тхылъыр» си блэгущIэм щIэлъу Институтым сыкъыщIэкIащ. Асыхьэтуи къэсащ Пщыкъанрэ Юрэрэ зэрыс машинэр. ТIури гуфIэжу къикIри, сэлам зэтхащ, IэплIэ зэхуэтщIащ... жыпIэнуракъэ, Пщыкъан дызэригъэцIыхуащ зэкъуажэгъуитIыр. ДызэригъэцIыхущ, си Iэблэр иубыдри, Таум къыпищащ: «Уэлэхьи, ар зэрыцIыхукIэ мыхъуну, накIуэ, нитIысхьэ мы машинэм».

ДитIысхьауэ дыздэкIуэм, сытегушхуэри моуэ жысIащ: «Юрэ, ухуей-ухуэмейми, зызгъэделэнурэ мы тхылъ хуэдэу щытыр тыгъэ пхуэсщIынущ». Тыгъэр естри, зищIысым теухуауэ комментарие кIэщI дыди щIызгъужащ... Тхыгъэр къызэтридзурэ еплъщ, и жинтым тетым гупсэхуу зэ къеджэжри, дуней псом щыцIэрыIуэ дирижерым къуажэ жыIэкIэ дыдэу жэуап къызитащ: «Уэлэхьи, Борис, сыхуей дэнэ къэна, жэм зэщIэс къызэптами, мыбы нэхърэ нэхъ сыщыгуфIыкIыну къыщIэмыкIынт!..»

А псор щIыжысIэжам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр Юрэ абы щыгъуэ къыжьэдэкIа мы псалъафэращ: «Жэм зэщIэс къызэптами...» жыхуиIар. Мыпхуэдэу жызыIэфынкIэ хъунур адыгэбзэм и нэхъ гугъупIэхэм, и IэфIыпIэхэм ящыщ куэд щысабийм щыгъуэ зыщIэзыфа, зыщIэзыша, зыхъума цIыхуращ. Юрэ сызэрыхуэза зэзэмызэм гу нэ хъ зылъыстахэм ящыщщ мыри: хамэбзэм и тенджызым хэс зэпыту гъащIэр ирихьэкIыну натIэ хуэхъуа щхьэкIэ, а тенджызым щIримыгъэлъафэу абы зэрехьэ анэдэлъхубзэм и «налкъутхэу» зэгуэр и лексиконым къыхыхьахэр. Ар, япэрауэ, куэдым ялъэкIкъым. Нэхъ гуауэжращи, мащIэ дыдэщ Юрэ хуэдэу ар къызыфIэIуэхухэр. ЩIалэгъуалэм яхуэгъэзауэ зэIущIэхэм щыжиIэу сэ мызэ-мытIэу зэхэсхащ Юрэ и псалъэ Iущ анэдэлъхубзэм теухуахэр, зригъэщIэфынкIэ Iэмал иIэу ар зэзымыгъащIэхэм, «зэхэфыщIауэ» къэзыгъэсэбэпхэм яхуищI губгъэнхэр.

* * *

АУЭРЭ дыпсалъэурэ дыздэкIуэм щIэх дыдэу дынэсащ. ДыздэкIуар Юрэ и шынэхъыжь дирижер Iэзэ, композитор Борис и дачэрат. Зейм и нэIэ тет зэпыту зэрыщытыр нэрылъагъуу, дачэр сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщт, а зэманым ирагъэщIу щыта дачэ унэхэм тIэкIу еинэкIрэ жыпIэну зы унэ тыкъыр дахэ цIыкIуи жыг хадэм хэтт.

ЗанщIэу унэм дыщIашэ. ДыздыщIыхьам гуп дыгъэл щIэст, сцIыху гуэрхэри яхэту, ауэ сымыцIыхур нэхъыбэу. ЖыпIэнуракъэ, Юрэ ягъэгушхуэн, ягъэлъэпIэн мурадыр яIэу зэхуэса щIалэ хэплъыхьа защIэт.

Хуабжьу дахэу, нэжэгужэу, акъыл къызыхэпхыни уи гур зыIэтыни щыкуэду дызэхагъэсащ гупыр... Хэт и гугъэнт Тау Пщыкъан апхуэдэу дахэу адыгэ уэрэдыжьхэр жиIэу. Ари игъащIэм зэхэдмыха гуэрхэр яхэту... ТхакIуэлъым хидзауэ къыщIэкIынт, зэрысщIэжымкIэ, Пщыкъан и репертуарым сэри зы уэрэдыжь хэжысIыхьауэ щытащ, сыщIихьэIуэри...

ЖыпIэнуракъэ, гукъинэжу дызэхэсащ абы щыгъуэ. ДыщIызэхуэсам, дыщIызэхэсым и щхьэусыгъуэ закъуэр Юрэ тлъагъуну, жиIэхэм дедэIуэну, ди гум хуилъ IэфIхэр хуэтIуэтэну арати, псалъэ гуапэу тщIэм дахэщыпыхьым, фIым я фIыжхэр къахэтхыурэ Юрэ хужытIэрт. ТIэкIу тэфэтелэ щытфIэхъу щыIэми, а псалъэхэр гум къызэрикIым, фэрыщIагъэми Iужажагъэми зэрапэIэщIэм и щыхьэт наIуэт (и къуэш Борис къыщынэмыщIа) Юрэ и IэщIагъэм епхауэ абдежым зы цIыхуи зэрыщымысыр, зыгуэр зыхурагъэщIэн мурадкIэ зыми зыри зэрыжимыIэр. (Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, Iей лъэпкъ хэслъагъуэркъым сэ апхуэдэу зэзэмызэ псалъэ гуапэкIэ дызэрызэхъуажэм. Зыдвгъэумысыжи, дэ, адыгэ щIыхухъухэм, ди гъащIэр дохь, ...)

...

Арати, ди гум IэфIу илъыр жетIа нэужь, мо «шэсыкъуэхэм» нэбгъэзуэ, езы Темыркъан Юрэ псалъэ иратауэ щытащ. Ди псалъэ гуапэхэм яхуэфэщэн адыгэ хъуэхъу дахэ къыджиIащ, щIэгуфIыкри, моуэ къыпищауэ щытащ Юрэ: «Псори фIыт, псори хъарзынэщ, ауэ...»...

Куэдрэ жызоIэж абы щыгъуэ Юрэ жиIауэ щыта а псалъэхэр.

* * *

СОЮЗПСО театр обществэм (ВТО) я зэхуэсышхуэ щыIэу зэгуэрым (1980 гъэрауэ си гугъэжщ) Москва цIыхуиплI дагъэкIуауэ щытащ: режиссер Iэзэ Ерчэн Леонид (арат ди пашэр), ди республикэм и ВТО къудамэм и секретарь Поповэ Зое Константиновнэ, урыс драмтеатрым и актрисэ пашэ, бзылъхугъэ дахэ Бурмакэ Маринэ Павловнэ, сэ.

Зэхуэсышхуэр езыгъэкIуэкIри доклад нэхъыщхьэр зыщIынури ВТО-м и Президиумми Советми я унафэщI СССР-м и цIыхубэ артист, ди деж и мызакъуэу, хамэ къэралхэми щыцIэрыIуэ актер ин Царев Михаил Ивановичт.

Царев сыт и лъэныкъуэкIи «патриарх» жыхуаIэм хуэдэти, докладым еджэн зэрыщIидзэу, залышхуэм зы «цырхъ» макъ щызэхыумыхыу, псори зэщIэщымат. Сэ тIэкIуи сфIэемыкIуурэ, ауэ «Мыпхуэдэ къысхуихуэжыни-къысхуимыхуэжыни» сигукIэ жысIэурэ зыспльыхьт, си пщэр хэсшурэ зезгъэзэкIт, зыкъезгъэзэкIыжт... жыпIэнуракъэ, щыхьэрым къыщыхута дэтхэнэ провинциал щIалэжьми зэрызищIынум ещхьу, залыр къызэхэсплъыхьт, сфIэкIуэда гуэр къыщыслъыхъуэж хуэдэ. Дауи къызэхыумыплъыхьынрэт - кинокIэ, телевизоркIэ фIэкIа сымылъэгъуауэ залым щIэст актер, актрисэ цIэрыIуэ куэд...

Сытми, Москва и курыкупсэм дэт унэшхуэм къыщIэхута Зэрэгъыж щIалэжьым си зыплъыхьыкIэм нэхъ ущIэпIейтеин щымыIэрэ Царевым и докладым дедаIуэу дыздэщысым... къэхъуар дымыщIэу залыр зэуэ къызэщIотаджэ, Михаил Ивановичи и докладыр зэпегъэу. ДызэплъэкIмэ - Темыркъан Юрэ залым къыщIыхьауэ арат. Сытым дежи хуэдэу, зэкIужу хуэпат, гуфIэр и нэгум итт, апхуэдэ гулъытэ инхэм зэресэжар къапщIэу, цIыхухэм пщIэ къазэрыхуищIри и щхьэ пщIэ зэрыхуищIыжри наIуэу зиIыгът. (КъызэрыкIуа кхъухьлъатэм и рейсыр ягъэгувэри, къыкIэрыхуауэ арат). Iэгуауэшхуэр хуаIэту залым пхрашщ, сценэм ирашэри, нэхъ жьантIэу президиумым хагъэтIысхьащ ди Юрэр.

КъэIуэтэжыгъуейщ абы щыгъуэ сэ сызэрыгуфIар, гухэхъуэгъуэу згъуэтар зыхуэдизыр: дауэ умыгуфIэнрэт, уи лъэпкъэгъум, уи адыгэгъум, уи къуажэгъум апхуэдиз пщIэ къызэрыхуащIыр плъэгъуауэ!

КъызэрыщIэкIамкIэ, президиумым здыхэсым, къаплъэри Юрэ гу къытлъитат. Си щхьэ темылъ теслъхьэну сыхуейкъым, абы гу зылъитари къицIыхуари Ерчэн Леонидт. Леонид, япэрауэ, зи цIэр Iуа ди режиссерт, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ВТО къудамэм и унафэщIт, Юрэрэ абырэ куэдрэ зэрызэIущIам шэч хэлътэкъым, адрейуэ ахэр зэблагъэт: Юрэ и анэ шыпхъу, артисткэ цIэрыIуэ Къардэн ХьэкIуцэ Леонид и къуэшым и щхьэгъусэт...

ЗэIущIэр зэриухыу дыкъилъыхъуэщ, дыкъигъуэтри, плIыми къыдэлъэIуащ дыщIэмыкIыжу дакъикъэ зыбгъупщI хуэдэкIэ зытIэжьэну: Царевым хуэмызэу хъунутэкъым.

Зыхуэзэнуми хуэзэщ, и Iэгухэр зэщихъуэурэ гуфIэу къигъэзэжри, къыджиIащ: «Иджы мыпхуэдэ план сиIэщ сэ: къыздэфIыгъмэ, тIэкIу сывбгъэдэсыну си мурадщ. ЗыщIыпIи дыкIуэнкъым, мис мы ВТО-м ресторан хъарзынэ яIэщи, фынеблагъэ».

Дишэщ, Iэнэ дэгъуэ кърагъэухуэри, IэфI дыдэу дызэбгъэдэсащ, дызэреупщIхэм блэпсэлъыкIым, нэхъ гъэщIэгъуэн гуэрхэр яжриIуэрэ, бзылъхугъитIыр игъэнэжэгужэу.

Апхуэдэу дыщысурэ, Юрэ зэуэ къызыкъуихри Зое Константиновнэрэ Маринэ Павловнэрэ яжриIащ: «КъысхуэвгъэгъуIу, фи жагъуэ фымыщIынумэ, мы Леонидрэ Борисрэ тIэкIу адыгэбзэкIэ садэуэршэрынут сэ. Зымыгъэунэхуам ар къыгурыбгъэIуэну тыншкъым, ауэ сэ хуабжьу анэдэлъхубзэм сыхуозэш, моуэ адыгэ гуэр сыхуэзэу сигу пэщыху адыгэбзэкIэ сыпсэлъащэрэт, щыжысIэ куэдрэ къысхуохуэ. Ноби араш»...

Бзылъхугъэхэм - дауи къыхагъэкIынт - мыарэзыныгъэ лъэпкъ къыхагъэкIакъым. Арати, коньякыфIым зи псалъэхэр нэхъри кърагъэбла адыгищым жытIэн дгъуэтынтэкъэ, - дигу пэщыху шэщIауэ адыгэбзэкIэ дыуэршэращ, езы Юрэ нэхъыбэрэ дгъэпсалъэмэ зэрытфIэфIыр щытщыгъупщэжи щыIэу.

Апхуэдэу нэжэгужэу дыздэщысым, Темыркъан Юрэ и Зэрэгъыж генеалогием теухуауэ куэд лъандэрэ сызыгъэпIейтей гуэрхэр къызэщIэзвэри, Юрэм моуэ сеупщIащ: «Уа, Юрэ, уэ Зэрэгъыж уэзэрыщыщыр зи фIэщ зыщIыну хуэмей зыкъым щыIэщ, ахэм дэуэгъу сахуэхъуну куэдрэ къысхудоIэ, ауэ, тхьэу-жыIэу жыпIэнумэ, сэри Iуэхум и пэжыпIэр дызэр сщIэркъым: удикъуажэгъур пэж уэ... хьэмэ?...»

«Iагъу-гъу, - жиIащ Юрэ макъыжь-макъыжьу, - дауэ, зиунагъуэрэ сызэрыхуимыкъуэжагъур?! Мис, еплъ, - жиIэри, ныбжьыщхьэу зэрейр наIуэу паспорт тIорысэфI и жыпым къришащ. - ПIырыхьэ, - «Зарагеж», - «Зарагеж» жиIэри...»

Ди къуажэщIэм къигъэушыIэкIа гукъыкIыр гуэрхэми къытхутепсэлъыхьащ Юрэ абы щыгъуэ. И адэ Хьэту мыгъуэр ди къуажэ мызым зэрыщыщакIам...

Сэ Iыхьэлъэри си гуапэ хъуат, адрей и къуэшхэми я шыпхъу Жени хуэдэу, Данифо и цIэр Юри зэрыщымыгъупщар, IэфIу и гум зэрилъыр! Абы и щхьэусыгъуэри щызбзыщIакъым Юрэ: Данифо сэ си анэм къыдалъхуауэ и шыпхъут (Данифор Темыркъанхэ нысэцIэу къыфIащауэ арат, и цIэ дыдэр Муслъимэтт). Си анэшыпхъугъэкIэ жысIэнкъыми, «бегъымбар» цIэр зыхужыпIэ хъун цIыху гуэр ди къуажэ дэсамэ, Данифо етIуанэт, къурIэнлыт, и нэмэз-уахъты блигъэкIтэкъым, насыпыншагъэ куэд дыдэм къыпхрыкIа пэтми. Мис абы ипхъу Уцэ мыгъуэм жиIэу зэрыщытамкIэ, «Темыркъаныр» унэцIэу къащта лIыцIэт, ахъумэ Темыркъанхэ я унэцIэ дыдэр ЩакIуэхэт.

* * *

МЫ КЪЫЖЫТIЭЖАХЭМ нэмыщIкIи, зыб жанэрэ сыхуэзащ, срихьэлIащ сэ Юрэ. А псом дытепсэлъыхьыжамэ, ди тхыгъэр кIыхьыIуэ хъуну къыщIэкIынт. АтIэми мыр щIызгъужыну сыхуейт: Тхьэм ирещIи, Темыркъан Юрэ и цIэрыIуагъэм темыхъуэпскIыхь зы адыги щыIэу къыщIэкIынкъым. Дэри дразыхэзщ апхуэдэ адыгэхэм. Ауэ, Тхьэм тыгъэ къыхуищIу езым иузэщIыжа и IэщIагъэм нэмыщIкIэ, хуабжьу сызыщIэхъуэпс нэгъуэщI зыгуэрхэри хэлъщ Юрэ и дуней тетыкIэм... Моуэ и гур ихауэ, и псэр утIыпщауэ, сыт и лъэныкъуэкIи игурэ и щхьэрэ зэтелъ зэпыту, КъытщхьэщытыIм къищынэмыщIа, зыфIэлIыкIи зыщышыни щымыIэу зэрыпсэуфыр уогъэщIагъуэ икIи уохъуапсэ... Апхуэдэ насып зыгъуэтри ар зыхузехьэри Тхьэм нэ зыхурища цIыху закъуэтIакъуэхэщ. Ди лъэпкъым щыщу Темыркъан Юрэ къылъысащ апхуэдэ насыпи, дривгъэгушхуэ икIи дыхуэвгъэхъуахъуэ а насыпыр кIыхь икIи нэхъри лъагэ хъуну!

* * *

АТIЭМИ гъащIэр гъащIэщ, ныбжьыр ныбжьщ, ныбжьым къытхуигъэтIыгъуэ тыгъэ мыщхьэпэхэм Iумыуэу блэкIыф зыгуэри щыIэкъым... Темыркъан Юрэ трахахэм ящыщу иужьрей дыдэу сызэплъа телефильмым нэхъри сригъэгупсысащ абы: сыщыуэу Тхьэм къыщIигъэкI, ауэ, япэхэм хуэмыдэу, нэхъ езэшагъэфэу, нэхъ щтэIэщтаблэу, мы дуней псор Iэгу къыхуеуэу, къыхуэпабгъэу щытми, закъуэныгъэр нэхъ къытегуплIауэ, и нитIым нэхъ къащIэпс хъуауэ къысщыхъуащ. Иджыри зэ жызоIэ: сыщыуэу Тхьэм къыщIигъэкI, ауэ...

Темыркъан Юрэ гухэ щыхъун зэман къэхъуну си нэгу къысхущIэгъэхьэркъым, ауэ фIыуэ илъагъу икIи къэзылъагъу лъэпкъ псо, лъэпкъ дахэ и щIыбагъ къызэрыдэтыр зыхищIэ зэпыту щытмэ, абы и гъащIэри, и гуащIэ къыдэкIынури нэхъыбэ икIи нэхъыфI зэрыхъунум шэч хэлъкъым. Темыркъан Юрэ ар зыхищIэ зэпыту щытынымкIэ ди деж куэд къызэрыщынэм шэч къытехьэгъуейщ.

* * *

СЭ КЪЫСЛЪЫСУ си жагъуэ дыдэ мэхъу Темыркъан Юрэ и зы юбилей нобэр къыздэсым ди лъахэм зэрыщамыгъэлъэпIар. «КърихьэлIэфынутэкъыми арaщ щIыхуамыщIар» жаIэу зэхыбох. КърихьэлIэн-къримыхьэлIэным елъытауэ щытын хуейуэ си гугъэкъым ар, сыту жыпIэмэ апхуэдэ гуфIэгъуэр нэхъыбэу зращIэкIыр цIыхум и IуэхущIафэращ...

Тхьэр арэзы къахухъу, ди Къэрал архивым и къудамэмрэ абы и унафэщI Ащхъуэт Раерэ я фIыгъэкIэ 2002 гъэм къызэрагъэпэщауэ щытащ Темыркъан Юрэ и фонд. А фондым къыхаха документ, сурэт гъэщIэгъуэн куэд дыдэ щагъэлъэгъуа выставкэ ин къызэIуахауи, а Iуэхум презентацэ гукъинэ ж иращIэкIауи щытащ.

Ауэ ар щхьэзакъуэ жэрдэмщ, лъэпкъпсо жэрдэмкъым, республикэпсо жэрдэмкъым. Дыщыгугъынщ дуней псом щагъэлъапIэ ди цIыхум хуэфэщэн гулъытэ нэс ди дежи къыщылъысыным.

ТхьэхужыIэу жыпIэмэ, апхуэдэ хэм хуабжьу хуэныкъуэхэм, и цIэр лейуэ зыщIыпIэ къыщыхагъэщыным щIэхъуэпсхэм ящыщкъым Темыркъан Юрэ. Абы нэхъыбэу хуейр езыракъым, - дэращ. Ди гур нэхъ ину дунейм дытетыным папщIэ. Ди щIэблэм щапхъэ яхуэтщIыным папщIэ. Мы тхыгъэр къызэрыщIэздза псалъэхэмкIэ згъэзэжынщи, - ди лъэпкъым и Iущагъыр здынэсам нэщэнэ дахэ хуэхъуным папщIэ.

* * *

2008 гъэм и кIэм илъэс 70 ирикъунущ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа адыгэлI Темыркъан Юрэ и ныбжьыр. А юбилей лъапIэр, аргуэру щхьэдэдмыгъэIухыу, зейм зэрыхуэфэщэн хуэдизкIэ зыIэтыфын лъэпкъ Тхьэм дищI! Ар апхуэдэу хъуным щхьэкIэ, хъунщIэпсынщIэту зэфIэдмыгъэкIыным щхьэкIэ, ауэ хьифIэдзи, зы илъэс иIэжу хуежьэн хуейщ а Iуэхум. Къытыдогъэзэжри, - екIурэ-ещхьу дэтхын мурад диIэмэ...

* * *

СИ ТХЫГЪЭМ кIэух хузощI Темыркъан Юрэ илъэс 60 щрикъуам щыгъуэ «Iуащхьэмахуэ» журналым теддзауэ щыта си хъуэхъур. Хъуэхъур, нэхъыбэрэ жаIэху, нэ хъ къабыл мэхъу.

Юрэ!

Нобэ псори гуапэу дыноxъуэхъу:
Тхьэм мураду уиIэр къыбдигъэхъу!..
Узыншагъэр уи пкъым щызу,
Гукъыдэжыр уи гум изу,
Зы гухэхъуэм зыр къыпыту,
Уи щIыхь лъагэ хъу зэпыту,
ЦIыхуу щыIэм урагуапэу,
Уи цIэм лъэпкъыр ирилъапIэу,
Уардэ хэкухэр уи зекIуапIэу,
Къалэ инхэр уи хэщIапIэу,
Ауэ,
Дэнэ щIыпIэ жыжьэ «ущемыпсыхами»,
Сыт хуэдэ лъагапIэ укъытемытами,
Мы ущалъхуа лъахэр уигурэ
Ди адыгэ лъэпкъыр уи псэу
Куэдрэ, куэдрэ Тхьэм утхуигъэпсэу,
Iэгур щыпхуаIэту дуней псом!

IУТIЫЖ Борис,
2007 гъэ, «Пщыхьэщхьэ нэбзийхэр»

И къуажэгъу щэджащэм триухуа мы тхыгъэр зэрыт тхылъыр къыдэкIыу абы езы Темыркъан Юрэ къеджа иужь, ар икъукIэ гунэс щыхъуауэ щытащ. Уеблэмэ, Юрэ и юбилейр щигъэлъапIэкIэ Санкт-Петербург IутIыж Борис иригъэблагъэу дунейпсо цIэрыIуэ зэпIэ хьэщIэхэм яригъэцIыхуну, яхигъэсыну зэримурадыр жиIат ди лъэпкъэгъу адыгэлI щыпкъэм. Ауэ а мурадыр нахуапIэ хъуну Тхьэм нухатэкъым - гуапэ, нэшхъэгъушхуэ къытхуэщыт, цIыхухэм пщIэшхуэ зыхуащI IутIыж Борис зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ.

Темыркъан Юрэ Хьэлупэ ДжэбрэIилрэ Молэ Владимиррэ ящIыгъуу.

«Лэжьыгъэм итхьэкъуащ» жыхуаIэхэм ящыщщ Темыркъаныр.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

●Гурыщlэ толъкъунхэр

Акъыл зиlэхэр зэгуроlуэ

♦Тlасхъапlэ зимыlэ щыlэкым, щыlэр зи тlасхъапlэр зымыщlэжщ.
♦Удэзыхьэх Iу эхум нэхърэ нэхъ гугъу узыдекъ щыlэкым.
♦Хьэлэлу къэблэжьам хуэдэу, къуымылэ жьар Iэфl хъуркым.
♦Цlыху къуанщэм зигъэзэхуэжьну пцlы иупсмэ, тlуащlэу къуанщэ мэхъу.
♦Цlыхуитl ягу иль зэтехуэркым, ауэ акыл яlэмэ зэгуроlуэ.
♦Щыуагъэ Iэщlэкlам акыл зиlэр Iущ ирокъу.
♦Щlэщыгъуэ псоми зэхуэдэу фы кьадэкlуэркым.
♦Щыуагъэ ягъэгъуэн бгъэгъу мыхьу щыуагъи щыlэщ.
♦Iей пщlауэ фlым ущымыгугъ» - жаlэми, фы пщlами фы защlэжъуагупэ хъуркым.

НЭХУЩ Хъэжпагуэ.

Хьэчим-Чэрим Iэзэ зэрыхъуар

ХЪАНЫЖЬ гъэрым и щакIуэхэр мэзым игъэкIуат, зыгъэр къащэкIуу кьыхуахьыну унафэ яхунщIри.

Хьэ гъэсахэр зи гъусэ щакIуэхэм щIыпIэ куэд кьызэхакIуэщ, мэзри щIапIыкIащ, ауэ Хъаным кьыхуахьын губгъуэ псэущхьэ ирихьлIакъым. Махуэ псом щIыпIэ куэд зэпызыча шухэр кьызэдэкIуэжьам мэз фIыщIэжьым и зы лъэныкъуэмкIэ иIэ мыввз бгъуэнщIагъым зы псэущхъэ гуэр къыщалъагурыр, къаувыхь. Абыхэм бгъуэнщIагъым къыщаубыд цIыху Iэпкlалъэпкъ зиlэ, зи щIыфэр цы Iуфкlэ щIагъэнэ псэущхъэ гуэр. Ар къыздашэри къокIуэж. ЩIалэхэр зы махуэкIи, махуиткIи бгъэдэсащ абы зыгуэр жрагъэIэну. Ауэ сыт хуэдэ бзэкIэ емыпсэлъами, зи щIысыр ямыщIэ псэущхъэм зыри яхужиIаъкъым. Абы и ужькIэ Хъаным унафэ ищIри, а псэущхъэр бззэрым иригъэшащ, ауэ абы зыри къащIыхэущIакъым, тlэу къудей дыхьэшха мыхъумэ.

Псэущхъэ мыщIыхур кьезыщэкIахэм Хъаным жраIэжащ абы зыри зэрыжимыIар, ауэ тlэу зэрыдыхьэшхар.

- Атlэ, мыр кьызыдифшам фшэжи футIыпщIыж, - жиIащ Хъаным.

Къыщаубыда щIыпIэм деж щауатIыщIыжа псэущхъэр абдеж къыщыпсэлъащ.

- Фи Хъаныр щIыкуфIщ, сигу ирихьащи, зы тыгъэ гуэр хуэсщIыну сыхуейщ. ФымыпIащIэмэ, фыкъызэжьэ, сэ иджвыпсту къзэгъэзэжынщ, - жиIэри псэущхъэр бгъуэнщIагъым щIыхьэжащ.

Кудрэ къэмыту хьэжыгъэ гуэр къэлътмакъым илъу къыщIихри, шухэм къариташ.

- Мыр фи Хъаным щIакхъуэу хуэвгъажьи евгъэшх, - жиIэри.

- Ар дэ абы хуэтхьынщ, ауэ зыгуэркIэ дынольIунущи, пэжыр къыджеIэ, - жаIащ щIалэхэм.

- Вжеclэнщ, фыкъызэупщI, - жи псэущхъэм.

- Уэ уи щIыпIэм укъэтшэжыху зы псалъи къыджепIакъым, ауэ бззэрым ущытетшам тlэу удыхьэшхащ, сыт ар къызыхэкIар?

- Ар, зым - цIыхум дежкIэ сэбэп, хущхъэу куэду зыхьлъ бжьыныхур ищауэ, бжьын къыщIэну сlэзгъуэти араш. Етlуанэу сыщIэдыхьэшхар зыгуэрым бжьын фIыуэ ишхауэ псы трифыхьыжу слъэгъуати араш, и узынщагъэмкIэ ар зэрызэрныр зэрымыщIэр згъэщIагъуэри, - жиIэри псэущхъэ бзлацэр мэзым щIыхьэжащ.

Щухэр къэжьIэрэ, Хъаным кьыхуахьа щIакхъуэпхъэр иратыжащ, абы къыжащIыкIыр нэгъуэщIым IуамыгъахуэУ Хъаным и закъуэ ишхын хуейуэ зэрыжиIар хуаIуэтэжащ.

Хъаным и пщIантIэдэтхэм ящыщ цIыкубэ гуэрым и пщэ иринlхьащ щIакхъуэр хуигъэжьэну.

Бзылъхугъэм тхъэв ипщщ, игъэтэджри, тебэм иринlхьэри хьэкум тригъэувэщ, еэзыр щIэкIри и ныбжьэгъу фызхэм ядэуэрщэуэру увыжащ. Уэрэгъэрым дихьэха фызым игъажьэр игу къэмыкIыжу игъэсащ. «Сыунэхъуащ, кIэребгъэсхьащ жиIэнщи, Хъаным щIакхъуэр хъыданыи кIуэ-цIишыхьри, кьыщIихащ. Дэнэ ихьными кьыхуэмыщIэу здэщыным, абы кьелъагъу джэгуу щыс, пщIантIэдэтхэм ящыщ гуэрым и къуэ цIыкIр.

- Мыдэ къакIуэт, Хьэчим-Чэрим, - жеIэри къреджэ.

- Сыт, нанэ?

- Мыр зыми иумыгъэлъагъуу уи закъуэ шхы, - жеIэри ирет щIакхъуэ игъэсар.

ЩIалэ цIыкIум лъэныкъуэ зрегъэзри, щIакхъуэр ешх.

- Цlыхубзым ипщ хабзэ хьэжыгъэм щыщ къещтэри, щIакхъуэ егъажьэри, Хъаным хурегъэхь.

- Ди хьэжыгъэм къыхэщIыкIа щIакхъуэм хуэдэ дыдэщ, - жи Хъаным, - нэгъуэщI фIагъ лъэпкъ хэслъэгъуакъым.

Псэущхъэм къарита хьэжыгъэм къыхэщIыкIа щIакхъуэр зышха щIалэ цIыкIум зэхищIыкI махъу псэущхъэхэм, кьэкIыгъэхэм я бзэр. ЩIалэ цIыкIур удзым хьыхьэмэ, абыхэм жаIэм едаIуэу, кьуалэбзуэхэм гъунэгъу яхуэхъуамэ, зытепсэлъыхьэр зэхихыу мэхъу.

- «Сэ мы узыфэм срихущхъущ», - жызыIэ удзыр кьричуфэ абы ириIэзэу щIедзэ щIалэм. Дэтхэнэ узыфэми и хущхъэгъуэр удзым кьыхэзыхьф хъуэ Хьэчим-Чэрим сымаджвэжр игъэхъужьиф мэхъу, и цIэр щIыпIэ куэдым щоIу. Ахэр Iэзэу зэригъэхъужьифым Хьэчим-Чэрим и пщIэр лъагэ ещI, абы цIыхухэм пщIэшхуэ кьыжуIащI мэхъу. Ауэрэ уиIэутым кьиIьхуэ щIалэр бей хьури, Хъаным и мылъкум нэхърэ нэхъыбги зэхуихьэсауэ, и IэзагъымкIи цIыху куэдым сэбэп зэрихуэхъуу зэрищIар Хьэчим-Чэрим.

IэХЪУЭБЗЧ Даян.
Кьуэлъхьжьи Ипщэ къуажэ.

Бжьыхьэкlэ махуэхэм - Налшык гуэлым.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ*

Данэ щIопщ

●Фэр папщIэ

ИЖЬ-ИЖЬЫЖ лъандэрэ тырку пэщэхэм, къэзакъ атаманэм, украин, польш гетманхэм я къулыкъым цIыхум фIэIыкIынигъэу хуащIым и дамыгъэу, адрей цIыхухэми занщIэу кьыхащIыхукIыу щытын папщIэ яIыгъыу щытащ шыкIэ щIопщ (бунчук), тепщэ дыщэ баш (жезл), пхъэм, жэзым, гъущIым кьыхэщIыкIа баш, и кIапэ лъэныкъуэм токъмакъ фIэщIыхьаеуэ (булава - адыгэбзэкIэ убыдакъ). Дзэ куэдым я пашэу лIыхьужьыгъэшхуи зезыхьам тыркуэхэм дамыгъэу яIыгъыну ирату щытащ шыкIэр башым щIыпIищым щыкIэрыпхъаэ. Апхуэдэ дамыгъэхэр дзэми бэракъ папщIэу зэрахьэрт, абы сыт щыгъуи щIыгъут къэзыхьымэ зауэлI. Адыгэхэми диIэу щытащ бэракъзехьэ, сэнджакъщIэт къулыкъуэхэр. Абы и нэмыщIкIи, нэхъ пщы цIэрыIуэхэм, зи лIыгъэкIэ ягъэлъапIэ лIыхьужьхэм, дзэзешэхэм данэ щIопщ яIыгът, я фащэкIэ адрей цIыхухэм кьахэщу щытыпи, пщIэ лей хуащIын щхьэкIэ. Абы и мыхьэнэр ещхьыркъабзэт убыдакъым, тепщэ дыщэ башым, шыкIэ щIопщым я мыхьэнэм.

«ЩIэтэкыкуэ нарт хасэм макIуэ» жыхуиIэ уэрэдыжьым, бжьэдыгъуэхэм я дежи щатхьжам, мыпхуэдэу жеIэ:

Уэр и данэ щIопщри...

Шы джабэм щегъабзэри*(щегъаджэри)*

Адыгэхэм «данэ щIопщ» жыхуаIэр уэрэдым псалъэу зэрыхэтым и мызакъуэу музейхэми хъума щыхьащ.

Данэ щIопщым и лъапIэныгъэр зэлъытар данэ Iуданэ бжьыгъэу зэрызэхэльращ, тхыпхъэм и дахагъращ, Iэщlагъэм и кьабзагъращ. Абы кьыхэкIкIэ данэ щIопщ ищIыну зыхуагъэфащэри, нэхъ Iэщlагъэфl зыбгъэдэльхэращ. И уху ящыкIэр: псом япэу былымыфэ Iув ты-тэджам кумыIэ ящIынур кьыхахьырт, сантиметр 50 и кIыхьагъэу. Данэ Iуданэ щIэджэжауэ 20 кьыпапущIырт дэтхэнэ зыми метритIрэ нэхьыуэрэ и кIыхьагъэуу. КумыIэр гъущI Iунэ быдэ гуэрым ирапхырт и дакъэмкIэ (нэхъ Iувымкlэ), Iуданэр абы и хуэрегъэкIэ кьыдекIуэкIыу зэбгъэрылъу нэгъуэщI Iуданэ кIапэкIэ кърапхэкIырти, а Iуданэ тIощIыр кумыIэм трауху ганэрт.

Кьелэлэхэу кIэрыщIа Iуданэхэм ящыщу зы кьыхаш, и сэмэгумкIэ кьыбгъурыту кьех Iуданитlым я щIагъымкIэ щIаш, сэмэгумкIэ кIуэу, и щIыIумкIэ драшейри Iуданитlым я щIыIукIэ щIыIэу ижьымкIэ яшэж, езы япэу къраш эжьа Iуданэм и щIагъым щIагъэкIри, ирашэжьы. СэмэгумкIэ япэрейм кьыбгъурыт еханэ Iуданэр ирашажьэри, абы и сэмэгумкIэ кьех Iуданитlым я щIагъым щIаш, и щIыIумкIэ драшейри, Iуданитlым кьыщIэхэращыж, езы еханэм и щIагъ щIэкIыкрэ иригъэзыхьыж.

А щIыкIэ дыдэм тету етхуанэ Iуданэм – епlанэмрэ ещанэмрэ, епlанэм - ещанэмрэ етIуанэмрэ - кьызэщIаубыдэ. Апхуэдэурэ и хъуреягъкIэ кьекIуэкIыу кумылъм кьащIэкIуэкI Iуданэ псори зэрызэ зэрадзэ, абы и ужькIэ етIуанэуи, ещанэуи зэрадзэурэ и кIыхьагъкIэ ирауху ганэхэм. ЩIопщ тхъэмпэу лъахъстэн пIащIэ е къэдаб падэж, ар дыщэ Iуданэкlэ хадыкI, бжэльэгуажьэ къращIэкIыжри, щIопщыкъум фIащIэж. ЩIопщыкъуми дыщэ, дыжьын хагъэтIысхьэ е Iуданэ ешэкI хуащI, дыщэ-дыжьын Iуданэкlэ щагъэ бгъуэз пхъэм къращэкI, Iэмал зэриIэкIэ ягъэщIэращIэ.

КIЫЩ Хьэрэтэлий.

Псалъэзэблэдз

Екlуэкlыу: **5.** ХъуаскIэ къуэзыхих мывэ джей быдэ. **7.** «... хиса жыгыр мэгъу». **9.** Муслымэн диным тету псэуным хуезыджэ ущие. **11.** Зыкъом, зыбжанэ. **12.** Тенджыз фIыщIэм адыгэхэр зэрелъджэр. **13.** МахуэщIэ. **16.** Дагъуэ зимыIэм, кьызыхуэтыншэм щхьэкIэ жаIэ. **17.** А щIэр зэрихьэу къуажэ щыIэщ Къэбэрдей-Балъкъэрми Къэрэшей-Шэрджэсми. **18.** Муслымэн диным зэрыжиIэмкIэ, жэнэтым зэпымыууэ ис тхъэлъхуд. **19.** Бдзэжьей зэрещэ. **20.** Дыщэ-дыжьынкIэ щIэгъэнауэ адыгэ бзылъхугъэ фащэм щыщ Iыхьэ. **22.** НапIэзыпIэ. **23.** Зиусхэн лъэпкъ. **25.** Жыгхэр зи псэупIэ псэущхъэ кIэ баринэ. **26.** Тэрч районым щыщ къуажэ. **28.** Цlыхубзхэм кьызэдрахьэкI хьэпкъыщIы. **30.** НэгъуэщI унагъуэм губкьауэ яхэлъадэу иращIэкI къаугъэ. **33.** Iус илъу шым и щхьэм кIэрыщIа къэльтмакъ. **34.** Пхъэщхьэмыщхъэ. **36.** «... вы бжьакъуэм къокI». **37.** Iэщ гуартэ. **39.** Къэрзшей-Шэрджэсым щыщэсу льэпкъ. **41.** Шэжыпс гъэфIэIуа. **43.** Зи кIапэ льэныкъуэм фIэгъэнапIэ иIэ пхъэ кIыхь. **44.** Цlыхур щалъуа, щыпсэу щIыпIэ. **45.** ЗимыкъэпшыпI щэхуу зыгъэкIуасэ. **46.** Мыщэ и къуэ ... **47.** МафIэдзым нэгъуэщIу зэреджэ.

Къехуу: **1.** Пасэм зыльэкI адыгэхэм я сабиIр зрагъэпIу щытам зэреджэ. **2.** «Уэзы ...» уэрэдыжь. Е цlыхухъуцIэ. **3.** Махъсымэ кьызыхащIыкI зэхэгъэва. **4.** Ди республикэм щыпсэу уэрэджьIакIуэ, Къэрзшей-Шэрджэсым и цlыхубэ артист. **6.** Пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ гъэуэкь цIыкIу. **8.** Джэджьефм хуэлъэ къуалбзу. Е адыгэ бзылъхугъэ пшынауэ цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм и цlыхубэ артисткъ. **10.** КхъуакIэ кIыхь зыIут IэльэщI. **14.** Хьвым нэгъуэщIу зэреджэ. **15.** Тхьэвыр зэраху пхъэ яе. **21.** КIыщокъуэ Алим и иужьрей роман. **22.** Гурыль, хъуэпсапIэ. **24.** Хьэвэ щIыкIэу зэтелъхьа пхырхэр. **27.** Метр нэблагъэ зи льагагъ удзым. Яукъэбзуэрэ яшх. **29.** Адыгэ лъэпкым и зы къудамэ. **31.** ХадзэкэкI. **32.** ЕджакIуэм унэм щигъэзэщIэн хуейуэ ират лэжьыгъэ. **35.** Цlыхубз ... хущанэ. **38.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **40.** ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ адыгэ театрым и джэгуакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист. **41.** Махуэм и зы Iыхьэ, пщэдджьыжьым сыхьэти 10-хэм хуэзэу. **42.** Зауэм е лэжьыгъэм зэфIэкI ин щызыгъэльэгъуэм ират дамыгъэ лъапIэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Щlэкlуэгъуэм и 22-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екlуэкlыу: **3.** АбытIэ. **6.** Бжей. **7.** Журт. **11.** Ерокъуэ. **12.** «Лъапсэ». **14.** Ашэ. **16.** «Iыуэ». **19.** Идар. **20.** Гуащэ. **21.** Мопэ. **22.** Жьыгъ. **25.** Тхъужь. **27.** Ало. **29.** Ерэзн. **30.** Благъэ. **31.** Бицу. **33.** Санэ. **34.** Срыкъуэ.

Къехуу: **1.** Абей. **2.** IутIыж. **4.** «Ажэкъуэ». **5.** Аруан. **8.** Хьурмэ. **9.** Льашэ. **10.** Хъусни. **13.** Жырыкъ. **15.** Махуэжу. **17.** Гущэ. **18.** Бот. **23.** «Нарт». **24.** «Гулэз». **25.** «Тыгъэ». **26.** «КIэфий». **28.** Бланэ. **32.** Уэркъ. **33.** Сокъур.

Щlыгъэным бжьыгъэ инамэ...

●Чэнджэщхэр

Пхъэщхьэмыщхьэхэм, шагъыр плъыжьым ящIа бжьыгъэр нэхъ псынщIэу зэрибгъэкIыжьыным иужь унтыпхьэщ. Бжьыгъэ хьуа щIыпIэм деж псы къэкъуэлъа тепкIэмэ, ар щыгъыным инэнукъым.

* * *

Щыгъыным Iуплэл нэсамэ, нашатыр спирткIэ ялъэщIри, иражьыщIыкIыж.

* * *

Шей, кофе ткIуэпс зытеткIуа щыгъыныр занщIэу псы пщтырым халтъхэрI, хагъэлъ. ИужькIэ яжьыщIыж.

* * *

Шоколад зэрына щэкIыр щыгъу зыхэдза псым хэбгъэлъэмэ, тыншу икIыжьынущ.

●Шхыныгъуэкр

Щакlуэжэм мэз бжэн зэрагъавэр

Мэз бжэн къаукIам и фэр хуабэ щыкIэ трах, и кIуэцIри кърахри зыхуей хуагъазэ, и лыр ямыкъуэтэу зэпкърыхьащ, ятхьэщI. ИтIанэ ныбапхъэр зэпамыупщIу ятхьэщI, зэрагъэдзэкI и пхъашапIэр ищIыбымкIэ щыIэуи, ар къэп хуэдэу мэкъу. Ар фIыуэ ятхьэщIри, абы и ипхъэпIэмкIэ щыгъу, кьэлэр, губгъэпхъэ гъэкъэбза зыхаПхъа лы зэпкърыхьаэр, кIуэцIфэщIхэр ирапхъэ, илъхьэпIэр папхыкI, бахъэ къинкIыпIэу гъуанэ щыкIу къаугьанэрэ. Лыр ныбапхъэм ирапхъа нкIуэ, абы и щхьэр фIыIуэ пыпхыкIауэ щытын хуейщ, гъуанэ щыкIунитIэ фIэкIа имыIэу. Гъуанэ къагъэнар иныIуэмэ, бахъэр кинкIынуэр лыр мывэу кьэзэнкIэ щхьунущ, ауэ ямыпейуэ папхыкIыщэм ныбапхъэр кьэуэнущи, абыхэми хуэсакьыпхъэщ. Ныбапхъэ кудар пхъэ кIыхьи фIаIуэри, мафIэм щхьэщагъэувэ, дэпым щхьэмэуэу. Абы кьыпих пщтырагъымкIэ вэнущ лыр. Апхуэдэу ягъавэр мэз бжэнышIэщ. Лы вам дашх мэжаджэ, чыржьи, хьэлламэ, щIакхъуэ.

Унагъуэ е губгъуэ тхьэкIуэмэкIыхь, зэпкърымыхуэ гъэжьауэ

Зи фэ траха тхьэкIуэмэкIыхьыр ятхьэщIри ягъэгъуэщIыж. И бгъэлэгубзм хуэзанщIэу и кIыхьагъкIэ зэгуаду, и бгъуагъкIэ зэгуатхъри, пхъэ уадэкI е бэлагъкIэ яупIэ хуэдэу ящI. Шыгъу тракIутэри IэкIэ яIуэтэрэ фIыуэ лым хагъыхьэ, итIанэ тебэщхьэкIэ тхъу кьагъэпIэ, абы тхьэкIуэмэкIыхьым и щIыбыр кьыдэгъэзеяуэ ирапхъэ. Тебащхьэр трапIэри, зэрагъэдзэкIыуэ тхъуэпIэ хьуху ягъажьэ мафIэ иным тету. ИтIанэ тебащхьэр трах, шатэ фIыуэ тракIэри хьэкулъэм ирагъэувэ. Дакъикъи 10-15-кIэ ягъажьэ. Тебэр хьэкулъэм кьрахыж, абы хапхъэ бжьыныхуэ убар, щыбжий сыр ущэбар, псы щIыIэ тIэкIу щакIэри, тебащхьэр тепIауэ мафIэр щабэ дыдэу блэуэ хьэзыр хьуху ягъэбэхъ. Iэнэм щытрагъэувэнум и деж тхьэкIуэмэкIыхь бэкхъар Iыхьэ-Iыхьэу зэпаупщIри, тепщэчым ирапхъэ. Абы тракIэк зэрагъэжьа дагъэмрэ езым кьыщIыжьа псымрэ. Яшх пщтыру, пIастэ хуабэ е щIакхъуэ и гъусэу.

«Адыгэ щхьыщIагъуэхэр» тхьытым кьэнтхьжащ фэр папщIэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Джэрыджэ лъэпкым гущIыхьэ ящхьащ я нэхъыжьыфI, МВД-м и ветеран, Щхьэлыкъуэ къуажэм щIыхь зиIэ и цIыхуЗ**джэрыджэ Къэралбий Хьэмашэ** и кIуэр дунейм зэрехьажар икIи и унагъуэмрэ и Iыхьлыхэмрэ яхуогузавэ.

Щlэщыгъуэ и 22-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екlуэкlыу: **3.** АбытIэ. **6.** Бжей. **7.** Журт. **11.** Ерокъуэ. **12.** «Лъапсэ». **14.** Ашэ. **16.** «Iыуэ». **19.** Идар. **20.** Гуащэ. **21.** Мопэ. **22.** Жьыгъ. **25.** Тхъужь. **27.** Ало. **29.** Ерэзн. **30.** Благъэ. **31.** Бицу. **33.** Санэ. **34.** Срыкъуэ.

Къехуу: **1.** Абей. **2.** IутIыж. **4.** «Ажэкъуэ». **5.** Аруан. **8.** Хьурмэ. **9.** Льашэ. **10.** Хъусни. **13.** Жырыкъ. **15.** Махуэжу. **17.** Гущэ. **18.** Бот. **23.** «Нарт». **24.** «Гулэз». **25.** «Тыгъэ». **26.** «КIэфий». **28.** Бланэ. **32.** Уэркъ. **33.** Сокъур.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

●Гурыщlэ толъкъунхэр

Акъыл зиlэхэр зэгуроlуэ

♦Пlапэм и лъапIагъыр зыщIэр укIытэ зиIэпщ.
♦Мылъкур нэмысым щебэкIым насыпыр щокIуэд.
♦Ныбжьэгъуи дауэгъуи зимыIэр мыпсэу пэльытщ.
♦Псалъэ пэжыр щыжьIэгъуей щыIэми, жьIпIа нэгужькIэ уегъэтыншыж.
♦Псалъэр кьыззырбгъэсэбэп ельытакIэ тыгъэ гуапэщ е Iэщэ бзаджэщ.
♦Пфlэмыкlуэда улыхьуэнри, уи мыIуэху зепхэнри - тIури зыщ.
♦ Унафэ щIыкIэ пщIэн щхьэкIэ нэгъуэщIым и унафэ уедэIуэфын хуейщ.
♦ «Жеймэ - улъэщIщ» - жаIэми, хейр зыпэмыльэщIри щыIэщ.
♦ Укlыгъ зимыIэр цlыхугъэкlытэнкIэ Iэзэщ.

●Гушыlэхэр

Хэт нэхъыжь

Хьуэжэ и ныбжьэгъуэхэр йоупщI:

- Хьуэжэ, хэт фэ тIум нэхъыжьыр, уэрэ хьэмэрэ уи куэцыр?

ТIэкIуэрэ гупсысэри, Хьуэжэ жэуап кьитащI:

- Нэгъабэ ди адэм жиIэгащ си кьуэщIр сэ нэхъырэ ильэскIэ нэхъыжьу, ауэ щыхъуэкIэ, иджы дэ дыззныбжьын хуейщ.

Зэхуэдиз дыдэ

Зэгуэрым Хьуэжэ кьыхукъуэкIащ еджагъэщхуэу зызыбжьыкIэ зекIщIэм едэуэн. Хьуэжэ сыт хуэдиз упщIэ жриIэмыгтми жэуап кьритыфыртэкъымI, езыми упщIэхэр Хьуэжэ зриттхьуэу щIидзащ:

- Жьыт-тIэ, уэ, дэнэ деж хъурейм и кур зыхуэзэр?

Хьуэжэ и баш псыгъуэ цIыкIумкIэ хъурей иритхэри, жиIащ:

- Мис мыбдежщ.

- Гъэнахуэт ар абдежу кьыщIэпIыгтэр, - жиIащ хеящIэм.

- Сэ ар нахуэ зыхуэсщIакIэщ, уэ уи фIэщ мыхъумэ, гъэнахуэ, - итащ жэуап Хьуэжэ.

- Вагъуэ дапщэ ис уафэм? - пищащ хеящIэм.

- Си шыдым цIыуэ тетым хуэдиз.

- Зэрыпэжьм и щыхьэтыр?

- Уи фIэщ мыхъумэ, зэпэбж.

- А тIэ си жьакIэм ца дапщэ тет?

- Си шыдым и кIэм тетым хуэдизщ.

- ПцIы боупс! - кьэльбащ судыщIэр.

- Сыт пцIы щIэзупсыр, - жиIащ Хьуэжэ Iэдэбу.

- Мис уи жьакIэр, шыдым и кIэр мес. Бжьы.

ДЖЭДГЪЭФ Асльэмырзэ.

●Гупсысэр - псалъэкIэ

ГъащIэм и уасэр

МЫ ДУНЕИШХУЭ дызытетыр, тет псоми ди зэхуэдэ мы щIы жумартыр зэрыщIыпIэрэ сыт хуэдиз зэман дэкIами хэт ищIэн, ауэ абы тетхэр гъуэрыгъуэу дыкьыпотхэ, кьытхуиуха зэманыр дэтхэнэми идохьэкIри дунейм дохьик. Дунейр гъуэрыгъущ, кьытлъысри зэ тетыгъущ. Зэманымрэ зы цIыху гъащIэмрэ зэбгъапщэм, сыту кIэщIыщэ зы цIыхум кьыльысыр, напIэ дэхьеигъуи мыхъу хуэдэщ, уеблэмэ, зэманым кьыхэмыщу хокIуэдэж. Ауэ щыIэщ цIыху, кьигъанэ льэужьыр зэманым хэмыгъэщэжу ильэсищэ, ильэс мин бжьыгъэхэм пэльэщIыф. Зырызыхъэщ апхуэдэхэр, ауэ лIыгъэншэу убж хъунукъым езым кьигъэщIам хуэдитI-щы зэманкIэ цIыхум я гум фIыкIэ кьинэжри.

Цlыхум кьигъэщIам и уасэр зэрагъэувыр ар цIыхум я гум зэрильам и куэдагъращ, и лIыгъэр кьыззэрапщри араш.

Чэнджэщэгъуэм дэуэгъуэрэ

ЦIЫХУИТI я акъыл щыIэтемыкуэкIэ, занщIэу зэгуруIуэ хабзэхэкым. ТIури зэхуэдэ кьуанщIэу, зыр захуэу адрейр щыкъуанши щыIэщ. Кьохъур тIури захуэ, Iуэху еплыкIэ зыриз яIэу щыIэзэпэщIэури. Апхуэдэм и деж хьарзынэхэз кьуанщэм и кьуанщагъэр кьыгурыIуэжрэ кьигъэззэжьыфмэ? НэхъыкIэр кьуанщэр нэхъ ерыщу кьыщIэкIыу, захуэр абы едэIуэн хуей хьумэщ. ШыIэныкъэпар зэныкъэхуэпитIыр зэгуригъэIуэн и гугъэу а тIум я кум чэнджэщ дэзыльхьэр нэфI-ней хэльу кьыщIэкIрэ, ныбжьэгъугъэкIэ, благъагъэкIэ е нэгъуэщI зыгуэркIэ Iуэхум бгъэдыхьэу кьуанщэм кьыщхьэщыжкмэщ. Апхуэдэращ гъащIэм тэмэму хэмыпльэфри, дахэкIэ зэфIэкIыну щыта Iуэхур Iейм хуэзыгъакIуэри. Зи щыгъуэм емыгупсысыжьфыр акъыльыншэщ, щхьэзыфIэфщ. Сыту фIыт, цIыхум нэфI-ней зэрримыхьэу, кьуанщэм чэнджэщ тэмэм иритыфу е апхуэдэ зэфIэкI имыIэмэ, зиумысыжьыфу щытамэ. «Сыщыуэу пIэрэ?» жиIэу Iичрам кьэзыхьыжьыфыр нэхъыбэ хууамэ. ИтIанэ щыгъэр нэхъ мащIэ хьунт.

Щlыльэмрэ уэгумрэ

БГЪЭМ ДАМЭ тетщи, мэльатэ. КьызыхуигъэщIар аращи, и дамэр шэщIауэ уардэу уэгум итщ, льаргIэм щытепщэщ. Щхьум кьыхуигъэщIар нэгъэщIщи, щым тетщ уэгум итми, псым хэсми, дунейм тет псоми я тепщэу, зэ хэщIыкI нэхъ иIэ у, дамэ имыгъэзтами, акьылыр кьыльысуэ. Аращ цIыхум и дамэри, уэгум ит псом нэхърэ нэхъ льагэу зыIэтыфри, «Бгъэр куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ», - жаIэ. Акьыл зиIэ цIыхум а псалъэ пэж дыдэр кьыщиупсысым и щхьэ егупсысыжат. Ауэ дэтхэнэ зы цIыхуми кьыгурыIуэу пIэрэ а псалъэр зытражьыхьыар уэгум ит бгъэр зэрымыарар, атIэ цIыхурауэ зэрыщытыр? КьагурыIуамэ нэхъыфIт бгъэм нэхърэ нэхъ зэфIэкI иIэу зызыбжьыж дэтхэнэ цIыхуми.

НЭЩУЩ Хьэжпагуэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР **Хьэфыщlэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаев Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбжьы Танэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкьарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**



ДИ ХЭЩIАПЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещIанэ и къатэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор и нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэкъуэмэ Iуэхущ1анIэхэм ядалэжьэныкъуэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пиксмохэмкIэ - 42-22-88; етъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1анIэм - 42-26-41; сурэтчэхэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пжагъымкIэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь . Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэныту щытыкIэм.

Газетыр Iэ тезьдаахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №ГИ-00654-м щIыгъуэ агъэуцIащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м Щэхабзэмрэ хъыбарегъащIэ ЗэнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактор Уэрдокъуэ Жанэ, корректорхэр Афэ Тамарэ *(1, 3-нэ нап.)*, Банэ ФатIимэ *(2, 4-нэ нап.)*, корректорэу я дэIэныкъуэгъу Хьэфыщlэ Марьяниз. *КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ящIащ:*** **Дол Мариз, ГъукIэл Рае, Щомахуэ Мариан и, *сурэтыщI* Къарей Элинэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.010● Заказ №3930